

Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan  
Untuk umum

# Menak Kustup I

R. Ng. Yasadipura I

Rektorat  
Layanan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

TANGGAL	No. INDEK
18 NOV 1984	1638



# MENAK KUSTUP I

Oleh  
R. Ng. YASADIPURA I

Alih Aksara dan Alih Bahasa  
HARJANA HP



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan  
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA  
INDONESIA DAN DAERAH  
Jakarta 1982

**Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka**

**BP No. 1161**

**Hak pengarang dilindungi undang-undang**

## KATA PENGANTAR

Bahagiailah kita; bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. . esemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, Hmbinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahannya pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah



## ISINIPUN

1. Kahar Kusmen tandhing lan Raja Sahsimik .....	9
2. Patih Ngambarkustup sowan gurunipun .....	16
3. Patih Barikahar tandhing kaliyan Raden Kodrat Samadikun .....	24
4. Prameswari Medayin taken wartosipun ingkang putra Raja Semakun .....	29
5. Wong Agung wawartos kawontenanipun paprangan dhateng ingkang ibu Prameswari Medayin .....	34
6. Dewi Kadarwati nusul ingkang raka Pangeran Kelan dhateng paprangan .....	46
7. Prajurit putri ngedali prang .....	56
8. Dhatuk Berdanis suka katrangan dhateng Prabu Bariakbar bab awrating mengsah .....	63
9. Nistha madya utamaning prang .....	70
10. Dewi Kadarwati tandhing lan Dewi Ngumyunadikin ..	77
11. Senapati Ngambarkustup kapikut .....	85
12. Patih Bestak anggegasah manahipun Raja Akbar .....	95
13. Prabu Bariakbar mintasraya dhateng Prabu Johan Firman ing Nagari Tasmiten .....	105
14. Prabu Semakun ngobrak-abrik prajurit Medayin .....	112
15. Prabu Nusirwan tuwin Prabu Akbar oncat .....	121

## 1. KAHAR KUSMEN TANDHING LAN RAJA SAHSIMIK

### DURMA

1. Datan betah miarsa putra Yujana  
  amit ingeden mijil  
  mring rajeng Gumiwang  
  miwah putra sadaya  
  mangsah anitih jenggiri  
  kapraboning prang  
  prapteng papan papanggih
2. yun-ayunan tatanya putra Yujana.  
  Sapa ranmu prajurit  
  sun andeling nata  
  Manola prajaningwang.  
  Ya ingsun Raja Sahsimik  
  ratu prawira  
  tate nguwisi kardi.
3. Sira sapa durung mangsa magut yuda.  
  Putra Yujana, mami  
  iya araningwang  
  Kahar Kusmen prawira.  
  Mojar sang Raja Sahsimik:  
  den aprayitna  
  sangganen gada mami
4. akukudhunga ing parisanira waja.  
  Sigra Raja Sahsimik  
  angayati gada  
  Kahar Kusmen prayitna  
  tumempuh gadanira glis  
  Jenggiri milar  
  kemba denira bindi.

5. Pan gumuruh surake mungsuh lan rowang.  
Mojar sira Sahsimik  
kesit ing ngayuda  
Kahar Kusmen malesa.  
Amuter gada sang Pekik  
asru anggada  
kumbane ponang hesti.
6. Datan katututan ing panangkisira  
pecah sirahing hesthi  
rebah kang dipangga  
Raja Manol kantaka  
tiba gumuling ing siti.  
Putra Jujana  
tedhak saking jenggiri
7. Pan cinandhak tinarik den ikal-ikal  
sigra binanting siti  
gumuling bantala  
Raja Manol kantaka.  
Raja Buggedas nulungi  
wurung binanda  
sira Raja Sahsimik,
8. Atatanya raja putra ing Yujana  
sapa ranmu ta aji  
tambung laku ing prang.  
Ingsun raja Buggedas  
ing Buminen praja mami  
sapa kang lila  
kanca rep den taleni
9. wajib iya angrebut ing wong kakancan.  
Wau Raja Sahsimik  
sampun ginosongan  
ing yuda yun-ayunan  
aramé bindi binindi  
danguning aprang  
tan ana kasor kalih.



10. Kadi guntur surake mungsuh lan rowang  
gada tan migunani  
sareng seleh gada  
rame pedhang-pinedhang  
sami dharat kang ajurit  
udreg-udregan  
deder-dineder sami.
11. Miyat Prabu Jayusman Samsumurijal  
ngejepi senapati.  
Rajeng Kulup sigra  
Kalbujuer nembah mangsah  
melak dipangga sang Aji  
heh, anakemas  
Yujana ingsun prapti.
12. Apa maksih kuwawa ing yudanira.  
Inggih paman pan maksih  
dereng pati sayah.  
Sigra denira ngalap  
puthon mas ginetak mijil  
sumiyut mesat  
mungsuh kang den parani.
13. Pan gumepluk makutha remuk kasingsal  
malesat tibeng siti  
dadya reyab-reyab  
jejer Raja Buggedas.  
Puthon emas antuk malih  
nempuh pilingan  
niba a sri narapati.
14. Dyan cinandhak marang putra ing Yujana  
Buggedas wus tininggil  
ingikal ing tawang  
binanting tibeng lemah.  
Prapta Patih Abunandir  
wus tinalenan  
binayang mundur keni.

15. Wus tinawan kang tutulung sampun prapta  
sira Raja Semadri  
arsa angrebuta  
gumadhug jajanira  
sumaput panonireki  
niba kantaka  
sira Raja Semadri.
16. Prapta Raja Bandarkup tutulung kanca  
sinamber puthon rukmi  
kupinge kumeplak  
tiba saking turangga.  
Raja Bukmun aningali  
sampun waspada  
mungsuah kemating jurit.
17. Raja Bukmun ing Mretis nagaranira  
ulah sulaping jurit  
sampun ingajanan  
dening sang Raja Akbar  
mijilena sulap sekti.  
Bukmun umangsah  
dharat sri narapati.
18. Ngagem bumbung emas salawe pinundhak  
saasta genge sami  
panjange rong kilan  
rinenteng sinundukan.  
Prapteng rana jenggang-jengking  
nuli tumenga  
kekejek jerit-jerit.
19. Sinamber ing puputhon emas uninga  
anyampe angendhani.  
Bumbunge sinebar  
dadi sungloning toya.  
Prabu Kalbujer udani  
nguwuh, heh anak  
Kahar Kusmen den aglis

20. lumayua mungsuh iki masang kemat  
dimene ingsun kari  
aneng luhur gajah  
kontung kelema toya.  
Putra Yujana miarsi  
mudnur lon-lonan  
sarwi nuntun jenggiri.
21. Prapta matura dyan lamun prange kemat.  
Wau duk amiarsi  
sang Prabu Karsinah  
ngatag Saptiyunasar  
sri naranata ing Drenis  
nembah umangsah  
dharat kukudhung caping.
22. Caping iku kancana ingkang kinarya  
prapteng payudan aglis  
minggah aneng liman  
rajeng Kulup nggenira  
nenggih pan kadi serati.  
Saptiyunasar  
neng gulu nggennya nitih.
23. Sira Raja Kalbujer puputhonira  
kinendelken rumiyin.  
Toya sampun minggah  
kathah kadya udalan  
upama wong dharat nenggih  
wus waket jaja  
toya nanging tan minggir.
24. Wong baris kalangan tan ana kambah  
mung tengahing wong jurit  
Kalbujer atatang  
kacelup kang dipangga  
waket andhemanireki  
dangu anacap  
palana ing palisir.



25. Gajah ngempret ngolang-alang kaceburan.  
Maras kang aningali  
surake gumerah  
wong Ngambarkustup samya.  
Kalbujer binujung warih  
bakuh tan kewran  
sacengkang datan osik
26. Sawusira tita inggahing kang toya  
sigra Prabu ing Drenis  
buka capingira  
Raja Saptiyunasar  
ingawekaken kang caping  
prapta dahana  
genge sawukir siti
27. Pan jumegur kang agni nibani toya  
mubeng sawukir-wukir  
asat ingkang toya  
garing dening pawaka  
anggereng nela kang siti  
mangsah paekan  
Raja Bukmun ing Mretis
28. Buron alas kang parpta ana saleksa  
sadaya rupa geni  
angrubung saksana  
gajahe sri narendra  
Raja Kalbujer sira glis  
noli ingwuntat  
sigra Raja Jaswadi
29. kinejapan ing putra Pangeran Kelan.  
Lumepas sanjata ngin  
kabuncang sadaya  
sagung kang buron alas.  
Tibane nibani baris  
geger busekan  
Sareng kasaput ratri,

30. sami bubar makuwon mungsuh lan rowang  
wong Ngambarkustup sami  
prihatin kasrakat  
kathah ingkang kabranan.  
Wong Arab salamet sami.  
Amasanggrahan  
sagung para narpati.
31. Sira Prabu Semakun nulya bujana  
sagung kang putra sami  
samya kalempakan  
Parangakik Karsinah  
Rismunandar Rustamaji  
Pangeran Kelan  
Banuarli Pirngadi
32. Raden Kasim Kuwari tuwin ta sira  
Raden Hasim Katamsi  
lawan para raja  
manggalaning ayuda  
larih mider wanti-wanti  
rajeng Gumiwang  
nimbali ingkang sami
33. saking aprang ginanjar binoja krama  
ing panembrama ngenting  
nutug ingkang samya  
dhadharan pukul tiga  
bubaran ingkang para ji  
wau kocapa  
pakuwon Dhandhanggendhis

## 2. PATIH NGAMBAR KUSTUP SOWAN GURUNIPUN

### DHANDHANGGULA

1. Saundure saking ingajurit  
pakumpulan Raja Bari Akbar  
prajurit para ratune  
punggawa Ngambarkustup  
aglar munggeng ngarsaning gusti  
tuwin kang pra dipatya  
kabeh wong Medayun  
Nusirwan Urmus lan Irman  
mung Ki Patih Bestak ingkang maksih sakit  
Baktiyar wakilira
2. Raja Akbar angandika aris  
mring kang rayi Patih Bari Kahar  
paran budinira kiye  
prajurit Ngambarkustup  
wekasane kasor ing jurit  
wong Kupauman ing aprang  
timbangana puguh  
ing prang kasap lembut bisa  
kaya mau sira Jabukmun ing Mretis  
sabene tanpa lawan.
3. Aprang lan wong Arab sun tingali  
kathetheran yen iku mindhoa  
datanpa karya sulape.  
Kang rayi nembah matur:  
Kadi leres pangdika ji  
prange kasap kasoran  
apes prange lembut  
kawula sumanggeng karsa



ing watawis tan wande tuwan ngawaki  
ngawakana manawa

4. ngawaki yen makuten sor titih  
putra Koparman kabeh wus dibya  
lan malih kathah kanthine  
wreti Raja Semakun  
mangke wonten prakoseng jurit  
duk maksih tunggil rama  
cubluk tur angepluk  
angukruk aprang tan bisa  
mangkya nunggil wong agung Surayengbumi  
sureng prang mandra guna.
5. Gawok amba prabu nyokrawati  
wong Medayin pra dipati leksan  
akethen ulubalange  
akathah para ratu  
siji datan ana prajurit  
langkung saking anistha  
tan keni kinaruh  
sayekti jail kewala  
wong wedi prang awak wong atine eblis  
pan susukering jagad.
6. Kawularsa uninga pribadi  
inggi wawrate prajurit Arab  
wong Kuparman gedhe  
inggi yen kula sampun  
angawaki aprang pribadi  
wruh aboboting mengsah  
miwah enthengipun  
sadinten wae kewala  
kantenane yen amba sampun ngawaki  
ngupaya budidaya
7. prabu Medayin maras tan sipi  
mbok kapindhon kadi Purwakandha

ingerutan punggawane  
lawan papatihipun  
nateng Ngambarkustup ngrasani  
wong Medayin apesnya  
aprang nora maju  
nora ana kang bisa prang  
mangke nyengkling pocapane salin malih  
amung mungsuh kewala

8. Pukul tiga bubarang sang Aji  
Kyana Patih Barikahar nulya  
melingken nuwun putrine  
wonten jroning kadhaton  
pan ingambil putra sang Aji  
sang Raja Bariakbar  
datan asusunu.  
Milane mundhut kang putra  
ingakang rayi Barikahar kyana Patih  
dadya putraning uwa
9. Putri kalok ing jagad linuwih  
Dewi Ngumyunadi putri endah  
sapraja pilih tandhinge  
linamar para ratu  
pira-pira ratu kang prapti  
nanging nora tinampan  
denira sang prabu  
pinapag ing sayembara  
nora krama anakingsun Ngumyunadi  
yen orana satriya
10. bisa kelar iya anadhahi  
panggadaningsun bisa anulak  
ing pedhaningsun pasthine  
jodhone putriningsun  
ya sira rabi Ngumyunadi  
apan ginulang-gulang

ingayuda punjul  
aprang kemat aprang sulap  
sikir ageng paguroning prang premati  
pandhita ngraga sukma.

11. Kaki Berdanis babala dhemit  
wukir Kumbara denny pilenggah  
pan puniku pagurone  
tumul angambil putu  
marang Dewi Ngumyunadikin  
ya Ngumyunadi mapan  
namane satuhu  
Yunadikin pan punika  
widigdaya ing aprang mateng ing pikir.  
Sang Prabu Bariakbar,
12. simpen pupundhen Datuk Bernadis  
kang ingandel paguroning aprang  
apan sanagara kabeh  
prajurit Ngambarkustup  
sami anak muridireki  
Datuk Berdanis ingkang  
ya mulang prang pupuh  
mila kathah kemat sulap  
pinilihan marang Ki Datuk Berdanis  
kang pantes ngagem kemat.
13. mila Raja Bukmun den kathahi  
ngelmu kemate patut anggarap  
Raja Bukmun pantes dhewe  
endhek wetenge nyempluk  
sirah nyanthing pundhake kepis  
lambene makajangan  
dhempok irungipun  
yen sampuna trahing raja  
Raja Bukmun ora payu sadiyani  
rega sadinar larang.

14. Mangke kemate esmu kalindhih  
marang sang Prabu Saptiyunasar  
miwah raja ing Kalbujer  
milane ngayang wuyung  
Ngambarkustup ing mangsa iki  
mungsuh lan wong Kuparman  
sor sasolahipun  
wau Patih Barikahar  
sampun panggih lan putra Ngumyunadikin  
binakta marang arga.
15. Wukir alit tan tebih lan puri  
wukir Kumbara pan pakebonan  
wana kinarya asale  
nguhengi wukiripun  
kali lima mapan ngubengi  
kang siji Kali Sirah  
guwa pereng gunung  
angongkang guwa jro jembar  
sapraptane kya patih lan putraneki  
kagyat Ki Datuk tanya.
16. Anak Patih, dene wengi-wengi  
putuningsun ginawa mring arga  
kya patih nembah ature  
ingutus sanga prabu  
tur uninga mengsah puniki  
kantenan lamun awrat  
kasor Raja Bukmun  
kemate datanpa karya.  
Angandika wau Ki Dhatuk Berdanis,  
den ayem aja susah
17. nyata lamun abot ingajurit  
para putra Kuparman sadaya  
pilih kang nongga bobote  
ing besuk ingsun tutur  
mungsuh iki ingkang suwiji

padha putra Kupauman  
ingkang bangsa luhur  
amengko ingsun babara  
sayektine sira padha kecil hati  
wong padha mumungsuhan.

18. Si Saptiyunasar nateng Drenis  
iku balane nateng Karsinah  
dene si Raja Kalbujer  
pan senapatinipun  
marang prabu ing Parangakik  
lah iku putuningwang  
kang ngesorken besuk  
ya nuli sira muliha  
mbesuk esuk gedhugana ingajurit  
anging apranga wantah.
19. Putuningsun nini dimen ker  
sun wuwuhane titimbulingwang  
sun prih undhage bobote.  
Kya Patih nembah mundur  
tedhak saking Kumbara wukir  
byar rina praptanira  
ing ndalem sigra wus  
busana kapraboning prang  
enjing muni tengaraning wongajurit  
teteg munya sauran.
20. Mungsuh rewang wis sami miranti  
bala Kupauman mijil gumerah  
rebut papaning barise.  
Tengaranira umung  
kendhang beri gornang thongthonggrit  
samas ingkang tengara  
barengan abarung  
kadya manengker triloka  
sampun aglar ing papan ingkang para ji  
lengah banjeng akapang.

21. Prabu Semakun sampun alinggih  
munggeng ngamparan kancana mubyar  
ing kanan para putrane  
ing kering para ratu  
rajeng Ngambarkustup wus mijil  
andher prajuritira  
ing kang para ratu  
Kyana Patih Barikahar  
munggeng ngarsa lan Raja Bukmun ing Mretis  
lan Taja Buberburah.
22. Rajeng Ngelut andeling ajurit  
banjeng ing kang para raja-raja  
Ngambarkustup keh pamuke  
mijil ing prang sang Ngelut  
Buberburah wus nitih hesthi  
kawot kapraboning prang  
prapteng rana nguwuh,  
wong Kuparman metua prang  
ayo kene arok banda rebut pati  
papagen tandangingwang.
23. Amit nembah putra ing Ngabesi  
marang Prabu Semakun lingira,  
putu den prayitna wae  
Dyan Kodrat Samadikun  
nembah prabu ing Parangakik  
adhimas den ayitna  
umatur anuwun  
nembah ing Prabu Karnisah  
lajeng mijil nitih bakarles sang Pekik  
nander prapteng paprangan.
24. Yun-ayunan pan sampun kapanggih  
atatanya Raja Buberburah  
Sapa aranira kiye  
Sun Kodrat Samadikun

iya raja putra Ngabesi  
putreng Sri Kadarisman  
ingkang apuputu  
Raja Sadatkabul Ngumar  
sira sapa ratu utawa dipati  
awadhag dhapurira.

25. Heh, aladak putra ing Ngabesi  
amoyok mungsuh adu arepan  
apa pinunjul aprange  
si Kodrat Samadikun  
ingsun Ratu Ngelut prajurit  
andel-andel pan ingwang  
iya Ngambarkustup  
Bubarburah araningwang  
tautate mbedhah praja mbanda aji  
aja kok kira-kira.
26. Tandhahana putra ing Ngabesi  
gadaningsun, sigra muter gada  
sampun kudhung parisane  
Dyan Kodrat Samadikun  
pan ginada parise tangkis  
kuwat panangkisira  
rosa ing pamupuh  
jumbret pan kadi gelap  
bakarlese angulumba asru denanjrit  
sigra males anggada
27. sarwi nenggak putra ing Ngabesi  
dadya rame agada-ginada  
mubal sami parisane  
surakira gumuruh  
rewang mungsuh rengeng wiyati  
mubeng angitermengsah  
Kodrat Samadikun  
Bubarburah dipun kalang  
legog-legog gajahe dinagada malih  
pecah sirahe ing wuntat.



### 3. PATIH BARIKAHAR TANDHING KALIYAN RADEN KODRAT SAMADIKUN

#### PANGKUR

1. Tibanira kapalesat  
Buberburah tangi amempis-mempis.  
Raden Kodrat Samadikun  
tedhak wus sami dharat  
rame tempuh pedhang-pinedhang acaruk  
lir andaka mungsuh  
kang alit cikat akesit.
2. Rajeng Ngelut tanpa polah  
dhelag-dheleg puguh bodho ngajurit  
katampeg parisnipun  
nora bisa angipat  
paris rempu ketenggel pedhange putung.  
Putra Ngabesi saksana  
denira nyandhak calimprit.
3. Krodhambeg prawirandaka  
ngekapada ngikal ponang calimprit.  
Raden Kodrat Samadikun  
sumiyut calimpritnya  
tibeng jaja sira sang prabu ing Ngelut  
carcap anrus ing walikat  
kenure sigra tinarik.
4. Sumebut sang nata rebah  
sapesate calimprit rah nututi  
kadya kang dhatuk sumawur  
Buberburah palastra.  
Kadya guntur wong Kupauman surakipun

Kya Patih Brikahar prapta  
munggeng ing turangga janggi.

5. anitih bakarlesira  
miyat lamun mungsuh kang mbantu prapti.  
Wau Kodrat Samadikun  
bakarlesnya mandhapan  
wus pinanggih Patih Barikahar tanya sru:  
Wong anom sapa ranira  
aBesus tangkebing jurit
6. prawira mateni raja.  
Anauri, ingsun putreng Ngabesi  
iki Kodrat Samadikun  
banthenge wong Kuparman  
nadyan bocah wus tate mbanda ratu  
kang ingaken wayah marang  
wong agung Surayengbumi.
7. Lah sira sapa ranira.  
Ingsun iki patih kadange nenggih  
mring sang Prabu Ngambarkustup  
ingsun Patih Brikahar  
kakang adhi mung loro saduluringsun  
kang tuwa Raja Briakbar  
kang enom ingsun papatih
8. Lah sangganen gadaningwang  
kyana patih ngayati muter bindi,  
Raden Kodrat Samadikun  
tangkis parise waja  
dyan ginada jumbret lir gelap barung  
katulak tangkis legawa  
raja putra ing Ngabesi.
9. Saksana amuter gada  
kyana patih kudhung parisewesi  
asenggak gada tumempuh

parise gebyar-gebyar  
kang dahana ngaladi ingkang prang pupuh  
horeg kang bumi prakempa  
surak gumuruh nggeteri.

10. Antuk sisih kang yuda  
rame prange gada tan migunani  
sareng seleh gadanipun  
rame pedhang-pinedhang  
caruk ruket pating kaleprak-kalepruk  
rempu pedhange kalihnya  
asalin gagaman malih.
11. Adangu denira aprang  
datan wonten ingkang kasoran kalih  
pan sami prawiranipun  
sami prakosanira  
mila dangu kasaput ing latri epur  
mundur kalih kang ayuda  
ing dalu bojana latri.
12. Anayub bojana ndrawina  
para ratu ngumpul nggen senapati  
sira sang Prabu Semakun  
angiras paguneman  
angandika sira sang Prabu Semakun  
Heh, Putuh Ngabesi sapa  
mungsuhi kang ngemasi.
13. Lawan ingkang urip sapa.  
Matur nembah raja putra Ngabesi,  
Kang pejah sang Raja Ngelut.  
Inkang gesang pur ing prang  
patih kadang dening Prabu Ngambarkustup,  
Patih Brikahar kang nama  
arine sri narapati.
14. Prabu Semakun parentah

anulisi marang carikira glis  
singa kang metu prang pupuh  
sadaya tinulisan.  
Sor unggule kang mati myang kang kapikut  
para ratu para putra  
kang aprang lumbeng tulis.

15. Badhe katur mring Kuparman.  
Dutanipun lumaku wira-wiri  
wiwitan tengahanipun  
ing prang katur sadaya  
mring Kuparman, wau ta genti winuwus  
ing Ngambarkustup narendra  
ing dalu bojana atri.
16. Kya Patih munggeng ngayunan  
para ratu satriya pra dipati.  
Sanga Prabu Ngambarkustup.  
dangu raja kang pejah  
pinariksa tatu ngandhap susunipun  
agiling tatu tan amba  
papantese mung sacacing.
17. Lan terus maring walikat  
gagamane apa arane iki.  
Aneh wong Kuparman iku,  
ing kene durung ana.  
Anak Bestak Raden Baktiyar umatur  
Limrah kang prajurit Arab  
sami angagem calimprit.
18. Punika pan kinenuran  
mung sakisi gilig lamun lumaris  
nenggih mring parise mangsuk  
tatas adat punika.  
Tengah dalu Patih Brikahar gya mundur  
lajeng mring wukir Kumbara  
wus panggih Dhatuk Berdanis.

19. Pukulun estu yen awrat  
kula sampun ngawaki ingajurit.  
Mengsah rare dereng sepuh  
mboten saged ngasorna  
kathah tiwas nenggih bala Ngambarkustup  
prajurit kang para raja  
keh kanin keh angemasi.
20. Dhatuk Berdanis lingira:  
Rakanira aturana ngenengi  
utawi mundura iku  
manjinga jroning kitha.  
Pradandanan aja kasulak ing laku  
becik pranga saking kitha  
entak pamucunging jurit.

#### 4. PRAMESWARI MEDAYIN TAKEN WARTOSIPUN INGKANG PUTRA RAJA SEMAKUN

##### PUCUNG

1. Ya ta wau anut saaturing guru  
Raja Bari Akbar  
sampun mibedholaken baris  
manjing kitha anutup sakethengira.
2. Sampun katur marang sang Raja Semakun  
yen bubar kang mengsah  
baris wus manjing kitheki  
sira Raja Semakun aparentah.
3. Kinen ngepung kithane wong Ngambarkustup.  
Sang Rajeng Talsiyah  
sang Prabu Mutadarawi  
ngangsegaken balane kadi samodra.
4. Ingkang tinut ing punggawa miwah ratu  
bala Purwakandha.  
Sira sang Raja Ardabil  
ing Lulkiyah pinasrahan barang karya.
5. Bardasbardus papatih Talsiyah sampun  
ngangseg barisira  
Raja Semakun ngenggeni  
pasanggrahanira Raja Bari Akbar.
6. Para ratu kang ngepung sadayanipun  
tata pasanggrahan  
nunggil kang ler dadi siji  
ingkang wetan barise wong Purwakandha.

7. Ingkang kidul wong Talsiyah barisipun  
kang kilen barisnya  
para Ratu ing Betarti  
sabalane sang Prabu Arismunandar.
8. Bantonipun rajeng Kaos ingkang tumut  
mepeti butulan  
ratu satus kang tinuding  
marang rama Prabu Sayid Ibnu Ngumar.
9. Tindhihipun ngawaki mangka pikukuh  
sang prabu ing Buldan  
sira Prabu Andanbilis  
lawan raja anenggih Abgonjambila.
10. Rajeng Kaos lan Arismunandar sunu  
parentahing eyang  
Prabu Semakun sira glis  
kang atugur baris kulon wus santosa.
11. Ratu pitu anambeli kadangipun  
milane kang wayah  
ingandikan ngaler sami  
lawan sagung kang rama-rama sadaya.
12. Anom awu tuwa ing wayah puniku  
Sayid Ibnu Ngumar  
lan kang paman sadayeki  
ing wayahe tuwa Prabu Ibnu Ngumar.
13. Wus barukut pangepunge Ngambarkustup  
binathithit samya  
tan kena marejel mijil  
wong sawiji yen saking sajroning kitha.
14. Kuneng wau agantya ingkang winuwus  
nagari Kuparman  
Raja Semakun duteki  
tan akendhat atur surat mring Kuparman.

15. Kang winuwus Kuparman ing kitha agung  
prameswari lagya  
juru jinem animbali  
ingkang putra Retna Sudarawreti-ka
16. Praptanipun awot sari mring kang ibu  
alon angandika  
prameswari ing Medayin  
Dhenok, ayo ing sun tuturana warta.
17. Kang anglurug arinira si Semakun.  
Kagyat ing wardaya  
kusuma Sudarawreti  
apa ora Wong Agung ngaturi warta,
18. mring kang ibu saben ana surat rawuh.  
Akelalen apa  
ping pat ana layang prapti  
ingkang ibu nora ingaturan warta.
19. Ya Wong Agung apa iku salin lagu  
durung wani gugah  
yayi Dewi Burudangin  
ing laline kang raka meneng kewala.
20. Sawusipun ngartikeng driya umatur:  
Inggih ibu mapan  
sadaya sami basuki  
wayah-wayah kang wonten ing pabarisan.
21. Yayi Prabu Semakun pawartnipun  
sampun dadya ing prang  
arama ing saben ari  
kang ingaben saweg para raja putra.
22. Sampun unggul yudane Yayi Semakun  
kang putra sadaya  
dereng wonten kang ngawaki  
kathah tiwas'prajurite Raja Akbar.



23. Ngambarkustup kithane sampun kinepung  
pan putra paduka  
pun adhi Semakun warti  
saged ngemong mring keponakane samya.
24. Lawan sagung ingkang para ratu-ratu  
angalem sadaya  
inggi dhumateng pun.adhi  
mboten pae angadhep sang kakungingrat.
25. Saben dalu angingoni para ratu.  
Tekone kang raka  
wong Agung Surayengbumi  
kang cinithak inggi wonten saba paran.
26. Wekasingsun dhenok mring arinireku  
sadurunge mangkat  
kakangmu Sudarawreti  
jalukana wuruk dadi jimating prang.
27. Alon matur Sudarawreti wot santun:•  
Inggi sampun kathah  
weling kula mring pun adhi  
saderenge mangkat kongsi kawan dina.
28. Kawan dalu mbekta putra-putranipun  
saos ing kawula  
Ki Ruslan Ki Rumas Maji  
panipun Kelan pun Kasim Kuwari lawan.
29. Datan kantut Hasim Katamsi pan tumut  
kemit patang dina  
kawan dalu sami kemit  
wayah-wayah paduka wismeng kawula.
30. Ngandika rum juru jinem sukur-sukur  
padha wruh ing cipta  
Dhenok ingsun arsa panggih  
aterena marang nggoning lakinira.

31. **Sru gumuyu Sudarawreti umatur:**  
sampun kadhempalan  
**Wong Agung Surayengbumi**  
mangke kula bektane ngarsa paduka.
32. **Kang sun tutuh iya Kakangmbok Marpinjun**  
mbok sampun akithal  
tinunggu wong tuwa siji  
teka kongsi golek warta kudhandhangan.

**5. WONG AGUNG WAWARTOS KAWONTENANIPUN PA-  
PRANGAN DHATENG INGKANG IBU PRAMESWARI  
MEDAYIN**

**DHANDHANGGULA**

1. Lagi pira sun tan prapteng ngriki  
mung sapuluh dina sun watara  
lagyewuh anggawekake  
kirimane kang nglurug  
num-inuman lan roti manis  
dhadharane nakingwang  
iya kaki prabu  
Jayusman Samsumurijal  
doyanane iya amung roti manis  
ngandelena kang garwa.
2. Durung bisa angreteni laki  
Kangmbok Sikunmaryati atiwas  
apan durung wruh jarwane  
papanganan kang mungguh  
dhadharane para narpati  
wantu anak pandhita  
adoh saking iku  
ora bisa olah-olah  
mung dongane maratuwane nak mami  
kumukus ngampak-ampak.
3. Lah bojone ya Ki Rustamaji  
Kangmbok punapa bisa lah-olah  
Retna Marpinjun guyune  
mandah bisaa iku  
baya lega rasaning ati  
nadyan padha pandhita

Yayi Mendhangpupus  
pandhita desa kewala,  
Beda lawan ing Kusniyamalebari  
dhasar pandhita raja.

4. Iya amung mirib donganeki  
mangsa bodho kang karya pratingkah  
sireki pijer ngetepres  
den anti mring ibumu.  
Sira mau sanggup mondhongi  
marang ing lakinira  
ngarsane ibumu  
Retna Sudara turira:  
Kangmbok gedhe dhayoh paduka ing mangkin  
nunten olah-olaha.
5. Yekti tumut Yayi Burudangin  
Yayi Karsinah Kuwari samya  
ngiring-iring mring lurahe  
pan ingkang para putu  
ceceblunge Ki Rustamaji  
ceblunge Ki Darusman  
pasthi padha milu  
Atasaji Sayidiman  
aja watir Marpinjun saurireki  
Sudarawreti nulya,
6. kesah maring nggene Isnaningsih  
wetan ing tengah panggenanira  
wus prapta wau lampahe  
Wong Agung nulya lungguh  
lawan garwa Ni Isnaningsih  
mulat kang garwa prapta  
Parangakik gupuh  
Isnaningsih methuk nglatar  
pan Wong Agung obah denira alinggih  
kang rayi praptanira.

7. Selak gumuyu Sudarawreti  
mesem Wong Agung, yayi ana pa  
prapta kabelet guyune  
Kang rayi nembah matur  
dalanane puniki yayi  
mring Isnaningsih lingnya  
ana salin lagu  
sajege lakune dhasar  
taklim sanget mring sanak wong tuwaneki  
samengko yayi owah.
8. Iya apa ingkang angalingi  
Wong Agung mesem alon ngandika  
Heh Yayi, endi jarwane  
pangucapira iku  
nora ngrasa yen ingsun ugi  
duwea laku owah  
kaya kang rumuhun  
dhaham Sudarawretika.  
Pan kasarū putri Karsinah kang prapti  
suka Retna Sudara.
9. Sokur Yayi sira iku prapti  
lagi sun sereg ta lakinira  
tan ngrasa owah lagune  
ameksa mungkiripun.  
ingsun gugat nora ngakoni.  
Wong Agung angandika  
tan ngarasa ingsun.  
Yayi, kaya ujarira  
salin lagu mara welehna kang endi  
pan ingsun tan angrasa.
10. Sudarawreti alon dennyā ngling  
Yayi Dewi Karsinah iki pan  
lagyana lurugan gedhe  
kang nggecak Ngambarkustup

ingkang ana barisan iki  
kang duwe wong atuwu  
pasthi padha ngrungu  
saobahe ing barisan  
mung njeng Ibu Prameswari ing Medayin  
kang ora oleh warta.

11. Iya antuk warta saka ngendi  
Yayi Semakun sok kirim surat  
den andheg wong Agung wae  
nora mrejel mring ibu.  
Mau inggun kang den timbali  
pan pinundhutan warta  
angeres tyasingsun  
Yayi Semakun kirima  
mring ibune apan wus ngaturi tulis  
iya marang kang raka.
12. Yaya anjola sang Jayengmurti  
astafirullah apuranira  
lali temen inggun kuwe  
Putri Karsinah matur  
pan kangmbok tuwan tatrapu  
mukire kacethikan  
ageng dhedhanipun  
inggi kula kang atampa  
angrawati ing dhendhane wong kacelik  
kacina kayumana.
13. Iya yayi sadhendhanireki  
sun angrasa sang Retna ngandika  
mring kang rayi Karsinah-e  
apa ta kangjeng ibu  
Jurujinem wong nglurug iki  
anak putu tan ana  
miwahing kakaruh  
iya ora ana pisan  
Rusatamaji dudu putune sayekti  
Semakun dudu anak.

14. Nora welas mring wong tuwa siji  
karaya-raye marang Kuparman  
anutaken mring mantune  
duduwa putra mantu  
cilik mula pinutra yekti  
apa nora malesa  
wongaurip iku  
gumujeng sang kakungingrat  
ingsun asrah bongkohan mring sira yayi  
anut sakarsanira.
15. Matur sang Retna Sudarawreti  
lah suwani paduka mareka  
mring ibu tur warta dhewe  
sayekti dosa lebur  
ing kasupen manggih pupulih  
kang raka angandika  
iya bener iku  
payo ngulon iki layang  
papat pisan gawanen wacanen yayi  
ngarsane ibunira.
16. Putri Karsinah lan Burudangin  
Putri Kwari lan wayah kalihnya  
angiring mring eyang ngilen  
gumrudug lampahipun  
upacara ampilan keksi  
malebet korinira  
tumedhak Marpinjun  
amethuk ing palataran  
wusnya tundhuk wangsul marang ibu njawil  
estu putra paduka.
17. Obah lungguhe sang Prameswari  
yata kang putra prapta manembah  
kang ibu aris delinge  
wis lungguha sutengsun

prameswari ngungak putreki  
endi ta anakingwang  
Sudarawreti-ku  
ing kene pareka ingwang  
yata noleh Wong Agung Surayengbumi  
yayi sira ngandikan.

18. Den aparek lah ibunireki  
Retna Sudara matur tur sembah  
sarwi ambuka surate  
punika seratipun  
ingkang saking barisan nenggih  
dennya atur uninag  
ri Prabu Semakun  
purwaning srat pamundhutnya  
mring kang rama srat ping kalih den kukuhi  
ping tiga dadining prang.
19. Srat kaping pat unggul jurit  
sarta namane kang unggul ing prang  
lawan namane mungsuhe  
prajurit Ngambarkustup  
ingkang kanin ingkang ngemasi  
lajeng bubar barisnya  
kithane kinampung  
sami mempen neng jro pura  
Raja Akbar samangke mboten ngetoni  
ngupaya budi daya.
20. Nanging wonten ature ing wuri  
Yayi Prabu Semakun Gumiwang  
mengsah wonten wawadose  
Rajakbar putranipun  
nama Dewi Ngumyunadikin  
kalangkung mandraguna  
pilih tandhingipun  
mangkya piningit kaliwat



pan ingukup kinutugan saben wengi  
ginadhang unggul ing prang.

21. Mung punika ibu kaot neki  
atur kawula ing wau enjang  
prameswari andikane  
Ya Dhenok kacek iku  
dyan Wong Agung Surayengbumi  
matur ing ibu nembah  
pun Adhi Semakun  
yayi prabu ing Gumiwang  
sampun saged amenggalani ing baris  
among ing para nata.
22. mBoten wonten kang wadya sak serik  
sami lestari pamonging paran  
kang ibu lon andikane  
sukur arinireku  
bisa telad pamonging dasih  
kaya watekanira  
pan sawabireku  
Sudarawreti tur sembah  
kadi pundi inggih si Ngumyunadikin  
sinten tuan tandhinga.
23. Umatura mring ibunireki  
iku tandhinge amung kang wayah  
iya kang pantes lawane  
Sudarawreti matur  
Ibu, wayah padukamangkin  
den suwun ingkang paman  
Yayimas Semakun  
Kadarwati ambantua  
tinandhingken lan Dewi Ngumyunadikin  
putrine Raja Akbar.
24. Angandika alon prameswari  
putuningsun Kadarwati apa

bisa aprang dene lare  
Sudarawreti matur  
wayah tuwan apan prajurit  
bedhahe ing Gumiwang  
pun Adhi Semakun  
brangta ing putri Gumiwang  
kang winawrat ing putra sang Jayengmurti  
inggih wayah paduka.

25. Putri Gumiwang dipun pandungi  
keni saking ing wayah paduka  
ngrabekken ing pamanane  
Yayi Prabu Semakun  
krama saking Ni Kadarwati  
Mangkana duk miarsa  
gya rinangkul gapyuk  
putuningsun wus kakaya  
kalingane ngrabekken pamanireki  
pan ingsun nora nyana.
26. Durung ungsun prawira ngajurit  
iya begiane putu ngong Kelan  
ayu prawireng yudane  
Angandika Wong Agung  
Nanging iku becike yayi  
iya aja katara  
lamun ababantu  
nusul ing laki kewala  
abarenga nateng Kebar Yusupadi  
arsa sun kon ngirima.
27. Ya manawa katendhagan bukti  
anggawaa wowotan rong yuta  
kirim kang anglurug kabeh  
lawan Adhi Semakun  
makuthane pan lagi dadi  
durung nggawa makutha

rangkep lunganipun  
matkutha kasenapatyan  
durung duwe iki sun kirimken nuli  
Kadarwati dandana.

28. Sira lumakua ing wiyati  
pamanira ing Kebar kang ndharat  
lan Kandhabumi kanthine  
Prameswari lingnya rum  
ingsun kirim lakinireki  
dinare satus unta  
kakangira ing Karsinah, Parangakik  
padhaa nyatus unta.
29. Tuwin kakangira Rustamaji  
satus unta roro arinira  
anyeket unta dinare  
lawan sutanireku  
rajeng Kaos satus unteki  
lan si Arismunandar  
seket unta iku  
lan arimu karo padha  
ya si Hasimkuwari Hasimkatamsi  
kang padha nyeket unta.
30. Nenggih Prameswari ing Medayin  
kala budhale saking Kubarman  
pitung kethi unta kehe  
wowotan sinar iku  
liya saking kang peni-peni  
tuwin barang-sabarang  
kirimira agung  
marang sagung para wayah  
wus winangsit sira Retna Kadarwati  
mring ibu'mring kang rama.
31. Nateng Kebar nateng Kandhabumi  
wis siyaga nelas ing pitungkas

narendra kalih budhale  
Ni Kadarwari sampun  
dennya nembah tur pengabekti  
mring ibune sadaya  
tuwin eyangipun  
mring rama sang kakungingrat  
mesat marang ing gagana ngawiyati  
wolulikur papongan.

32. Ingkang sami anapak wiyati  
sakapraboning aprang sadaya  
tan kari sagagamane  
ing ngandhap lan ing luhur  
datan tebih kantunireki  
mangkana tan winarna  
ing lampahireku  
yata ingkang kawuwusa  
putri Ngambarkustup Dewi Ngumyunadi  
wusnya pinuja-puja.
33. Prajurite pitung dasa peri  
pangarsane pipitu punika  
putrining jin kapid kabeh  
sami prawiranipun  
kang pangarep pinangka patih  
Sularwatin sang Retna  
lan Siwatin iku  
kembar putri parayangan  
kabayane anama Dewi Murtadin  
dene ta kang sakawan.
34. Dewi Palsimik Dewi Rubansit  
Dewi Resmikin ingkang satunggal  
Tasmikin jangkep pitune  
puniku gurunipun  
awit saking Dhatuk Berdanis  
kang darbe pangawasa

bisa ngreh lelembut  
sami kinen rumeksaa  
mring kang wayah Ni Dewi Ngumyungadikin  
mangkana winursita.

35. Patih Brikahar wus prapteng wukir  
pan Ki Dhatuk Berdanis parentah  
metonana ing prang maneh  
apadene puniku  
putuningsun Ni Ngumyunadi  
munggeng ing luhurira  
amanah ing mungsuh  
saking wiyat keri-kanan  
mangsa ndadak bala Kuparman udani  
maring pratikelira.
36. Sampun mateng guneme ngajurit  
tedhak saking ing Wukir Kumbara  
daluh prapteng kadhatone  
ing Uwa Ngambarkustup  
Raja Akbar sampun apanggih  
lan ari kyana patya  
miwah putranipun  
winangsitaken sadaya  
ing welinge sira Ki Dhatuk Berdanis  
kinen mijila ing prang.
37. Kuneng ingkang guneme wus dadi  
praptanira kang saking Kuparman  
Pangeran Kelan garwane  
wanci pukul sapuluh  
dhasar wanter Ni Kadarwati  
mangkya mindhak weweka  
saking ingkang ibu  
ing Parangakik kang mulang  
kasektene wus wuwuh Ni Kadarwati.  
Sampun saged nyeluman

38. wuruking ibu ing Parangakik  
Retna Sudara ingkang mulang  
Ismayawati marune  
wasiyat Ngajrak tuhu  
yen nginarap winatak nenggi  
sasamining jin datan  
kuwasa andulu  
Kadarwati sabalanya  
wolulikul binakta njejep jro puri  
angraras roning kamal.

## 6. DEWI KADARWATI NUSUL INKGANG RAKA PANGELAN KELAN DHATENG PAPRANGAN

### SINOM

1. Sawusira pirembagan  
kusuma yu Kadarwati  
lan sagung prajuritira  
nulya anjejep jro puri  
tan wonten kang udani  
nadyan samiya lelembut  
datan kawawa mulat  
tutug sapolahireki  
katronggongan mungsuh guneme kawruhan.
2. Bisik mring prajuritira  
kusuma yu Kadarwati  
besuk tempuhing ngayuda  
angagema bedhor ranti  
mungsuh nedyane 'nilib  
putrine wong Ngambarkustup  
sinilib saking wuntat  
jinemparing bedhor ranti  
padha niru gendhinge ibu Sudara
3. remen akarya kasukan  
kangjeng ibu Parangakik  
mungsuh nora pinrih pejah  
den prih wirange tan sipi  
yen ora den wiwiti  
jeng ibu tan ngarah lampus  
ngendi nggone ngayuda  
yen mungsuh tan ngarah pati  
sapa-sapa rinewang eling kewala.

4. Yen amanah sawatara  
suka ngagem bedhor ranti  
kancana ingkang kinarya  
saendhong bedhore ranti  
yen rada den temeni  
kang kena sikute putung  
medal saking jro pura  
retna Dewi Kadarwati  
pukul tiga praptane ing pasanggrahan.
5. Kang raka pan 'lagi prapta  
nJeng Pangeran Kaelani  
saking kuwune kang mapan  
maksih mariksa turanggi  
saking bojana sami  
lawan sagung para ratu  
dereng mring pasareyan  
amundhut amparan rukmi  
pinarak neng ngarsane turangganira.
6. Anjuju turangganira  
kacang lawan daging kambing  
lan sirahe paksi dara  
kagyat ingkang garwa prapti  
dhaham saking ing wuri  
anolih lajeng sinambut  
tan kongsi ngaras pada  
ngabekti Ni Kadarwati  
pan kaselak sinambut marang kang raka.
7. Dhuh kusuma mirah ingwang  
sampun kedah awotsari  
dasihira dadi apa  
dinukan yang-yanging wengi  
dukane maring mami  
kang momong langening dalu  
wong agunge ing Kelan



garwane prapta ing wengi  
nora welas ndadak sinungan wot sekar.

8. Ingemban ingsun tracina  
salembute rangkep katri  
angayang-ayang turira  
paduka dhunken rumiyin  
kawula tutur warti  
amba anjejep ing mungsuh  
ora teka tutura  
saking mbanan wae yayi  
mbok kacecer wartane sira mudhuna.
9. Dhuh kakangmas sabarena  
kawulenjing magut jurit  
manawi rikate ilang  
aber awit saking laki  
mengsah paduka benjing  
gegedhuge ingkang metu  
angling Pangeran Kelan:  
Ingsun milu magut jurit  
nora pisah kusuma kalawan sira.
10. Marang dalem pasanggrahan  
tarube palisir wilis  
Kakangmas kula winekas  
mring nJeng Ibu Parangakik  
kinembar ingajurit  
lawan putri Ngambarkustup  
dadi inggih paduka  
kang karya abering jurit  
apan sanget kangjeng ibu kang pitungkas.
11. Yayi aja milu sira  
dukane njeng ibu benjing  
nadyan nemua siasat  
ingsun dhewe kang ngawaki  
pan ingsun kang akardi

dudu saking sira masku  
Kang rayi agung nyengkah:  
Basakena wong puniki  
teka wangkot tan kena den nyang sadina

12. Alah iya ndadak apa  
mbok mbesuk sawusing jurit  
Kang raka lon saurira:  
Ingsun mbok selak ngemasi  
yen mungsuh metu benjing  
bebecike kang umagut  
pasthi ing sun kang mapag.  
Angling Dewi Kadarwati:  
Durung usum yen maksih duwe parekan
13. Putri moncol pramudita  
putrine nateng Kubarsi  
nuli metokken simpenan.  
Tiwas temen Kadarwati  
apa dhase sakethi  
putrine wong Ngambarkustup  
yen ta durung palastra  
kang anama Kadarwati  
daya-daya gelem mati nilar ing prang.
14. Ing solah tan winursita  
ing batin serenge sami  
kang raka lawan kang garwa  
sawusnya nuwuki kapti  
kang rayi matur malih  
saluwarira mong lulut  
pukulun badhe prapta  
Paman Kebar Kandhabumi  
ingkih ing kang sami ambekta kintunan.
15. Duk miarsa aturira  
ingkang rayi Kadarwati

yen mengsah badhe mijil prang  
lawan praptane kang ngirim  
sadalu datan guling  
kang garwa tansah sinambut  
sampun tamtu trah Ngarab  
nggrahita pakewuh jurit  
kesel arip tan ketung amung prayitna.

16. Ingkang rayi tinimbangan  
Mrajawrahat Kustur prapti  
ayo yayi milu ringwang  
mring pondhoke paman aji  
mbakayunira prapti  
kanjeng rama kang angutus  
kalawan kanjeng eyang  
prameswari ing Medayin  
tanpa rewang kang tumut datan sinungan.
17. Parekan kinen asoa  
saguning prajurit estri  
lumampah angemban garwa  
lan kang rayi aneng wuri  
Kadarwati tanya ris:  
Yayi Prabu Wrahatkustur  
kakangmu lagi apa  
Maliyatkustur kakaji  
matur nembah kang rayi sarwi lumampah:
18. Wau saking panayuban  
lan raka paduka sami  
manawi sampun anendra  
mangkana lampahe prapti.  
Wauta ingkang rayi  
saking embanan tinurun  
nenggih rajeng Gumiwang

Semakun pan dereng guling  
sabubare bujana lan para raja.

19. Pra dipati ing Gumiwang  
kang sepuh sakawan sami  
maksih ngadhep neng ngayunan  
kasaru kang putra prapti  
kagyat sigra nedhaki  
Anakmas puniki wangsul  
inggih putra paduka  
saking Kuperman duk prapti  
mbekta serat saking rama saking eyang.
20. Kadarwati sigra nembah  
ing paman sri narapati  
Ingkang garwa ingandikan:  
Putri Gumiwang wus mijil  
sira Dewi Rungkati  
Anyablek ing putranipun:  
Dhuh nyawa sira prapta  
sokur babantu ngajurit.  
Kadarwati sigra ngaturaken serat.
21. Saking rama saking eyang  
cacahe sagung pakirim  
lan ratu kang badhe prapta  
nateng Kebar Kandhabumi  
lan mungsuh badhe mijil  
prajurit ing Ngambarkustup  
Raja Semakun mojar:  
Daweg anakmas anilib  
mring pondhoke anakmas Prabu Jayusman.
22. Kadarwati kinen lenggah  
lan bibi Dewi Rungkati  
Wong Agung katiga mangkat  
marang Prabu Parangakik  
amung Wong Agung kalih

katigane Wrahatkustur  
Wau prabu Jayusman  
aneng panggenaning hesthi  
sapraptane saking nayub dereng nendra.

23. Anjujug turangganira  
lan gajah pun Imankabir  
kagyat praptane kang paman  
lan kang rayi Kaelani  
kondur prapta alinggih  
Yata wau ingkang rawuh  
Sri Bupati Karnisah  
wus tata guneme sami  
kang tinuduh amucukana prang enjang.
24. Kalbujer sarenga medal  
Sri Bupati ing Kubarsi  
samya nitih adipangga  
Kadarwati angungkuli  
Dene lamun metoni  
putrine wong Ngambarkustup  
yen katon tinandhingan  
garwane sri narapati  
ing Karsinah Dewi Joharin Insiyah.
25. Dene ingkang badhe mapag  
nateng Kebar Kandhabumi  
sang Raja Matusdanirham  
sanga Prabu ing Parenggi  
maratuwanireki  
Prabu Karsinah puniku  
lawan Raden Suptandar  
Samardi Karandikwanis  
daludalu sampun sinungan parentah
26. Bubaran makuwon samya  
kang pinikir sampun dadi  
Pangeran Kelan praptanya

pakuwon kang paman nuli  
lajeng kondur rireki  
lan kang rayi Wrahatkustur  
nenang jawi pasanggrahan  
Kang rayi sinambut malih  
Wrahatkustur mbeneraken emban-emban.

27. Pukul setengah nem prapta  
pakuwonira pribadi  
Prabu Semakun tengara  
ingantep gornang thong-thong grit  
Pangeran Kaelani  
nimbangi tengara umung  
Parangkik Karsinah  
nimbangi tengara nitir  
pan sadaya nimbangi kang para raja.
28. Wong Ngambarkustup miarsa  
sigra atengara nitir  
ana suka ana maras  
wong Ngambarkustup miarsi  
dene ta andhingini  
wong Ngarab tengaranipun  
medal barising wadya  
akapang tepung miranti  
angentosi wedale bala jro pura.
29. Parentah sang raja Akbar  
sami mijilaken baris  
saking jroning kitha medal  
wadyaning para narpati  
beleg baris malipir  
nurut pinggiring bata gung  
prapta sang Raja Akbar  
lan kang rama ing Medayin  
sami mijil anjenengi ing ngayuda
30. Lenggah aneng ngamparan mas

Nusirwan denira linggih  
lan kang putra Raja Akbar  
Bestak waras dennya sakit  
lan Brikahar alinggih  
miwah Hirman lawan Hurmus  
jajarira alenggah  
banjeng kang ratu prajurit  
kyana patih rembag badhe mijil ing prang.

31. Wuwusen baris Kuparman  
Prabu Semakun wus linggih  
munggeng dirga padmasana  
Prabu Jayusman alinggih  
dhadhampar mas pinatik  
nawa retna abra murub  
sang Prabu Karsinah  
Pangeran ing Kaelani  
neng wijoan palowanu dennya lenggah.
32. Banjeng para raja putra  
tuwin katiga narpati  
Prabu Walsiyah kalawan  
Betarti Mutadarawi  
nembah umangsah pamit  
sang Prabu Maliyankustur  
nitih hesthi linawak  
asongsong patbelas sisih  
marik aneng palipit palana lawak.
33. Raja Kalbujer tur sembah  
umangsah wahana hesthi  
samyak palana lalawak  
songsong kalih welas sisih  
tajem narendra kalih  
sami gagah agengipun  
samakta matak mantra  
kusuma yu Kadarwati

wus miranti kalawan sawdyanira.

34. Surake umyung gumerah  
kadya manengker wiyati  
carube mungsuh lan rowang  
eram kang sami ningali  
dene cara lumaris  
ratu kalih wedalipun  
songsong munggend dipangga  
pinanjer munggend palipit  
ing semune tan nedya mundura ing prang.



## 7. PRAJURIT PUTRI NGENDALI PRANG

### DURMA

1. Mijil ing prang dadosaken gunemira  
mijilken gelar wadi  
prajurit simpenan  
para putri prayangan  
kang badhe kinen mekasi  
nyirnakken mengsah  
mila mijil pribadi.
2. Kyana Patih Brikahar lan Drukubarang  
ratu ing Banukawit  
kadang naking sanak  
lawan sang Raja Akbar  
sami awahana hesthi  
palana lawak  
nimbangi mungsuh neki.
3. Wus miranti neng wiyati gelar simpenan  
Dewi Ngumyunadikin  
lan prajuritira  
pawestri pitung dasa  
rumeksa arinireki  
denira yuda  
neng papan wus papanggih
4. Sri Bupati Maliyatkustur wus panggya  
lawan rekyana patih  
Kalbujer pra samya  
lan Raja Drekubarang  
tanya-tinanya raneki  
kang aneng wiyat  
kusuma Kadarwati
5. Samya weruh sawadya ing mungsuhira  
mungsuh datan udani.

Sigra ingabanan  
prajurit parayangan  
niyup Dewi Sularwatin  
angemban langkap  
lawan Dewi Sirwatin.

6. Nedy a nilib jinemparing saking wiyat  
kebat Ni Kadarwati  
dennya menthang langkap  
tajem ingarah-arang  
nanging binedhoran ranti  
kumetes kena  
sikute Sularwatin.
7. Piningkalih Dewi Sirwatin kena  
nenggih sikute sami  
jemparinge tiba  
aneng palananira  
rajeng Kulup lan Kubarsi  
wangsul karuna  
Sularwatin Sirwatin
8. Papatihe prajuritira wanodya  
Ni Dewi Kadarwati,  
Dewi Mintariyah  
lan Dewi Maemunah.  
Ingatag maniyup malih  
sareng mamananah  
sirahe Sularwatin.
9. Lan Sirwatin ingahira tinututan  
cumeplos sirah neki  
ing kang sami kena.  
Niba kalenger kena  
neng siti tiba gumuling  
sami katingal  
dening wadya kang baris.
10. Kebatira tinututan saking wuntat

dening Dewi Salsimik.  
Sirwatin ginawa  
minggah malih ngawiyat.  
Retna Dewi Sularwatin  
cinandhak minggah  
marang Dewi Rubangsit.

11. Prapteng wiyat sami sinundhang kewala  
tatune den ulati  
kang sikut lan sirah  
sami bintul kewala  
sang Dewi Ngumyunadikin  
goyang kapala  
apa wadine iki.
12. Yata matur Dewi Murtadin wotsekar  
lawan Dewi Rubangsit:  
Manawi punika  
ingkang pinastan walat  
wreti trahing Puserbumi  
ageng walatnya  
punika mbokmanawai.
13. Mila awrat bobote sultan Kuparman.  
Dewi Ngumyunadikin  
alon angandika:  
Pagene kangjeng rama  
amet mungsuh nora apik  
cacaken uga  
udanana jemparing.
14. Sareng niyup kalih dasa winatara  
Kadarwati ngabani  
narengi amanah  
wolulikur wanodya  
ting karetes sami keni  
panahe gigal  
wangsul manginggil malih.

15. Kang titiga tiba aneng ing dharatan  
kang katiban ping kalih  
nulya tinututan  
cinandhak kancanira  
prapteng ing ngarsaning gusti  
lah kaya paran  
ya Murtadin Rubangsit.
16. Ping seketa yekti mangkene kewala  
liwat kaku tyas mami.  
Rubangsit turira:  
Gusti mapan punika  
Paduka kang nedya silip  
mangke tan angsal  
kacethikan kacelik.
17. Mati uripe yen paduka aprang papan  
kadi dipun panggihi  
awit saking tuan  
nedya anilib ing prang  
Angatag Ngumyunadikin:  
payo metua  
medhuna met turanggi.
18. Sun jangkunge iya saking ing ngawitat  
tumedhak kang satunggil  
sampun nitih kuda  
mijil prapteng prapangan  
wau kang para narpati  
kendel kang aprang  
ayun-ayunan sami.
19. Bala Ngarab weruh prajurit wanodya medal  
gumuruh elok neki  
prajurit wanodya  
yata ika kang medal  
Prabu Karsinah ngejepi  
marang kang garwa  
sigra nitih turanggi.

20. Sigra mangsah Retna Joharin Insiyah  
abajo sutra wilis  
wijil ing Ngajerak  
asamber ilen gilap  
calana makena sami  
ijo sadaya  
dhasare kulit putih.
21. Pan dumeling Retna Joharin Insiyah  
niyup sami ningali  
kang aneng ngawiyat  
eram denny umiyat  
para putri Arab iki  
dene apelag  
wau ta wus apanggih.
22. Atatanya Dewi Joharin Insiyah  
sapanmu prajurit  
mangsah ing payudan.  
Asru ing saurira  
ya ingsun Dewi Resmikin  
pan gustiningwang  
Dewi Ngumyunadikin.
23. Sira sapa aranira wong Kupauman  
sun putri saking Trenggi  
garwaning narendra  
raja mudha Karsinah  
Ruslani Danurusamsi  
weton Kupauman  
prawira ingajurit.
24. Iya ingsun arah Joharin Insiyah  
payo lanat Resmikin  
apa aneng sira  
ing kene tamakena  
sigra Ni Dewi Resmikin  
amenthang langkap

lumepas sang jemparing.

25. Ponang tugu salaka wus prapteng ngarsa  
kacundhuk ing jemparing  
mayat dhoyong rebah  
prapta nibani mengsah  
kudane Dewi Resmikin  
sirahe pecah  
kang nitih nibeng siti.
26. Kaleresan Resmikin patine sirna  
mulih asal dhedhemit  
Samsikin tumedhak  
ngarsane tugu prapta  
katitih kang wentis kering  
tiba kantaka  
sirna patine sami.
27. Lajeng ngamuk bebenar tugu salaka  
tapis kang kapalipis  
anibani gajah  
sumyur turangga rebah  
geger kalulun para ji  
baris sadaya  
dhadhal manjing jro sami.
28. Putri Ngambarkustup bramatya lumarap  
kebat Ni Kadarwati  
pinanah sang retna  
saking ing luhur ngiringan  
bedhor mas ingkang rinanti  
pilingan kena  
mumet angolang-alang.
29. Piningkalih kalamenjinge kang kena  
Dewi Ngumyunadikin  
kapalesat tiba

aneng sajroning pura  
kumrutug sami nututi  
prajuritira  
lara sami anangis.

30. Kang ayuda ing njawi gerus sadaya  
manjing jro kitha sami  
kalut pamukira  
mijil puputhon emas  
Saptiyunasar nguncali  
gunung pawaka  
kabesmi jroning puri.
31. Ing pinggir ler kilen lawan lor wetan  
kethen ingkang kabesmi  
geger bilulungan  
bala ingkang jro pura  
nulya kasaput ing wengi  
mundur wong Ngarab  
makuwon kang para ji.
32. Wadya Ngambarkustup prihatin sadaya  
yudane datan olih  
kasor salaminya  
kèmate tanpa karya  
sadaluh sami anangis  
kawur sadaya  
prajurit sami kingkin.

## 8. DHATUK BERDANIS SUKA KATRANGAN DHATENG BARI AKBAR BAB AWRATING MENGSAH

### ASMARADANA

1. Wauta kang lagya prapti  
Raja Yusuf Adikebar  
lan Kandhabumi kanthine  
pinernah pakuwonira  
dalusamyabojana  
ngarsane Prabu Semakun  
aglar sagung pra dipatya.
2. Sakathahe kang para ji  
sami anampeni dinar  
pakintun binagi kabeh  
anut saungeling serat  
kang saking ing Kuparman  
waradin kang beras gandum  
minyaksapi tong-etongan.
3. Mangkana ingkang para ji  
tutug denira bojana  
amayeng jenewer kenet  
barduwin apilan adas  
gunem pratikele prang  
yudane wong Ngambarkustup  
nedya maling kawanguran.
4. Kuneng kang bojana sami  
saguning prajurit Arab  
wauta kang winiraos  
kang agung aprang kasoran  
kasab lembut tan pasah  
prajurit ing Ngambarkustup  
dhedhep tan ana bojana.
5. Prapta Ki Dhatuk Berdanis



kang saking Gunung Kumbara  
praptanira jro kadhaton  
kawarta kang wayah tiwas  
Ngumyunadikin pejah  
pawartane kang misuwur  
jatine kanin kewala.

- ' 6. Tabet panah bedhor ranti  
kalamenjinge kang kena  
tenggok kang bintul pan gosong  
ngeled-eled nora bisa  
balane kalihdasa  
kang sami anandhang tatu  
kakalih kang pejah sirna.
7. Ngungun Ki Berdanis angling  
kaya pa mengko dadinya  
ngukuhi Nusirwan kiye  
wus kasep ingaturena  
tinanggulang tan kuwat  
yektine pan ajur-mumur  
kepriye pikire padha.
8. Kaduwung kula ngukuhi  
marang Bathara Nusirwan  
ing mangke sampun kasompok  
Dennya agunem jro pura  
lan kang rayi dipatya  
katigane gurunipun  
Dhatuk Berdanis Kumbara.
9. Ature Dhatuk Berdanis  
sarwi angadhep kang wayah  
Ngumyunadikin tatune  
kang sami pinikir datan  
amrih palastreng mengsah  
prajurit ingkang Pinunjul  
utama ing tri buwana.

10. Manawi punika inggih  
garwane Sultan Kuparman  
kang sepuh luhur bangsane  
lamun ingriki mungsuhe  
lan trah Sultan Iskandar  
bantheng nguntha gunug watu  
dhungkara mangsa kabeha.
11. Raja Putri Parangakik  
garwane Sultan Kuparman  
lagya turun nem petunge  
kalawan Sultan Iskandar  
wikana turun lima  
Emut kula pukulun  
konyor-konyor dereng tebah.
12. Dene ingkang toya urip  
inggih kang wonten ing ditya  
sampun karebat wartine  
dhateng ing Retna Sudara  
mila gampang kewala  
kang toya kagunganipun  
ing nguni Sultan Iskandar.
13. Patih Brikahar tanya ris  
ratu ing pundi punika  
Sultan Iskandar namane  
Dhatuk Berdabis lingira  
iku ratuning jagad  
ing Masrik Magrib kawengku  
ngadhaton sasukanira.
14. Yen enjing ana ing Masrik  
yen sore neng Magrib ika  
ing watese langit kulon  
lan watese langit wetan  
linakon mung sadina  
meh padha darajadipun

lan Kangjeng Nabi Suleman.

15. Iskandar ratuning bumi  
pan eyang-eyang paduka  
ing ngriki juru kebone  
kalawan jurune mangsak  
lawan Sultan Iskandar  
kanggep ratu Ngambarkustup  
lawan jeng Sultan Iskandar.
16. Kalangkung dening cecedhis  
tekone Sultan Iskandar  
ing Ngambarkustup amande  
kadi pundi yen mengsaha  
lan trah Sultan Iskandar  
kadi tur kawula wau  
bantheng ngundha gunung waja.
17. Mangsa ta nedya arempit  
rempita sungune pokah  
tan wurung remuk balunge  
raga rontang-ranting renyah  
otot pedhot kulitnya  
lan daginge ajur nyunyur  
meksa ndhungkar gunung waja.
18. Makaten upama yekti  
wong Ngambarkustup mungsuha  
Sultan Iskandar turune  
pened punapane uga  
Mangke Dewi Sudara  
ing Parangakik puniku  
patutan siji kalawan.
19. Wong Agung Surayengbumi  
diwasa jalu prawira  
ing mangke wus madeg katong  
Jayusman Samsumurijal

umadeg binathara  
angreh dhomas para ratu  
bupatine patang leksha.

20. Mantri lubalang rong kethi  
balane kadi samodra  
bandhu santana pra katong  
ing Parangakik nagara  
Jayusman wus puputra  
jalu meh diwasanipun  
nJeng Pangeran Sayidiman.
21. Neng Kusniamalebari  
kawengku kapangeranan  
puniku inggih wartine  
rajeng Parangakik milya  
jroning baris punika  
adhuh-adhuh kawula dhuh  
sanadyan kathah putrambyah.
22. Kang patutan Parangakik  
turase Sultan Iskandar  
yekti tan pantes minungsih  
bonggan parise sumangga  
wani nadhahi gada  
mangsa wurung ajur-mumur  
lawan punika manawa.
23. Wong aprang tan ngarah pati  
angarah sakit kewala  
ing batin ngarah elinge  
iba-iba ta punika  
dennya mikat utama  
yen dede wong bangsa luhur  
ngapureng mungsuh madyeng prang
24. Supaya dadia kanthi  
iku wong nedya rumeksa

ing batin marang mungsuhe  
nuli winales dening hyang  
mungsuh dadi kawula  
puniku petung kang luhur  
wit apura paramarta.

25. Yen wong remen mamateni  
marang mungsuh pan katara  
kalamun bebete jengkol  
bebete kadhele mentah  
langu wae pinangan.  
Utama kang bangsa luhur  
badan hyang santoseng mengsah.
26. Putu ngong Ngumyunadikin  
yen nedya pinatenana  
pasthi lamun ajur amoh  
jinemparinga temenan  
nora pinanah gandar  
tegese sanjata pemut  
elinga tingkah kang nyata.
27. Kang manpangat jroning pati  
apura tan amrih pejah  
iyata marang mungsuhe  
saking eblis setan kena  
parek para apura  
para santoseng hyang agung  
nedya mong ing mungsuhira.
28. Raja Akbar anambungi  
lah ta iki kaya paran  
bapa, dene ta wus kasep  
lan insun bapa wus sagah  
marang Prabu Nusirwan  
sayentine ewah-ewuh  
agawe cidreng ubaya.

29. Yen kaya mengkono yayi  
payo padha budidaya  
pinrih sira ingsun kiye  
aja kongsi ingsun iya  
anak putu ing wuntat  
tetepa neng Ngambarkustup  
aja sirna wijilira.

## 9. NISTHA MADYA UTAMANING PRANG

### MIJIL

1. Ingsun dhewe yayi kang nadhahi  
matiyeng ing palugon  
wus ajanji padha ratu gedhe  
lawan bathara anyakrawati  
nanging wuri yayi  
den awas den emut.
2. Kaya tuture Dhatuk Berdanis  
semune kalakon  
marepegi pantes pasemone  
terus karo lejeme samangkin  
gelaringajurit  
kekembang ing luhur.
3. Nanging iya sun antepi dhingin  
ing paudaningong  
ing batin pan nora niat wae  
mungsuhi lawan satruning gusti  
rajeng Parangakik  
dudu kang sun mungsuhi.
4. Apan akeh rupane wong iki  
kang ngepung kuthengong  
ya kang dudu turun Iskandare  
nadyan sutengong yen waras benjing  
si Ngumyunadikin  
amungsuha antuk
5. Nadyan padha-padha atmaja mir  
kang katemu kono  
dudu putri Prangakik ibune  
aja taa dudu gusti mami  
yeni trah Parangakik  
yekti gustiningsun.

6. Lawan sira ya Bapa Berdanis  
yektine yen adoh  
lawan turuning gusti den ngentek  
oleh anumpesi mungsuh iki  
mangkana wus dadi  
sakeh kang rinembug
7. Kuneng Prabu Semakun winarni  
kang munggendu pakuwon  
ngumpulaken kang para putrane  
para nata sadaya wus prapti  
para raja siwi  
aglar nagrasanipun.
8. Prabu Kebar lawan Kandhabumi  
ing kang minangka toh  
ing prakara dennyne sepuh dhewe  
anyar saking nagri Kubarmani  
mila sabarang ngling  
sang Prabu Semakun.
9. Tiga nateng Kebar Kandhabumi  
denira anaros  
para putra gimolong anute  
apan sanga Prabu Yusupadi  
tumulut anglampahi  
ing baya pakewuh.
10. Sangkanlit tan pisah saari  
lan Jayengpalugon  
sira Prabu Semakun delinge  
Kakang Prabu Kebar kadi pundi  
sampun kaping kalih  
Ratu Ngambarkustup
11. ngungsi kitha sawadyane gusis  
manjing jro kadhaton  
pan tinutup korine saketheng



lami-lami metu ing prang malih  
wingi bubar malih  
manjing kithanipun.

12. Nggih punapa kinendelna sami  
sasolahing mungsoh  
punapa ta rinemet kuthane.  
Yata matur Raja Yusupadi:  
Angger warni katri  
ing tindak puniku.
13. Nistha, madya, utama tan gingsir  
sayekti binobot  
prakarane lan kang nindakake  
mengsah kendel punika ngulati  
sarananing jurit  
ngupaya mrih unggul.
14. Yen paduka nindakken nistheki  
ginecak aywenggop  
iya kongsi teka saranane  
ingupaya aywa kongsi dadi  
denuli sirnanting  
kabeh mungsuh iku.
15. Pikir madya nganti sawatawis  
mungsuh sanget sompok  
tinutugan ing sawatawise  
mengsah sampun kesusu tyasneki  
yen sampun ngendhani  
anunten pinukul.
16. Dene ingkang utama ing ati  
mungsuh yen wus kasor  
aja-aja pinukul yudane tyase mungsuh sedhi  
karya kuwur tyase mungsuh sedhih  
nganti den lerehi  
tutuga rehipun.

17. Lamun sakit kiniriman jampi  
waras sakang mungsoh  
kiniriman kurang dandanane  
dimen tutug sarana ing jurit  
yen kudu metoni  
punika pinagut.
18. Nanging wawrat tanpa duka yekti  
sabarang linakon  
datan keni ngeblegi lampahé  
raka paduka sang Jayengmurti  
mung utama pinrih  
amomot amengku.
19. Inggih lamun raka paduka mir  
utama kemawon  
pan paduka madya sesedhenge  
soksi lamun nistha den lampahi  
tan arus ing bumi  
nyupet ingkang kantun.
20. Inggih pranga dhateng pundi-pundi  
sang Jayengpalugon  
mboten nerak kanisthan wateke  
malah madya maksih den singgahi  
mung utama pinrih  
angel yen tiniru.
21. Dandanan punika winitawis  
pratingkahe mungsoh  
patang puluh dina watawise  
angomberi mungsuh ingandhegi  
yen tan wonten mijil  
kawan dasa dalu
22. nunten ginecak kuthanireki  
mawia srat tonjok  
mung makaten pikir kawuleng ngger

Duk miyarsa ture Yusupadi  
langkung sukeng galih  
sang Prabu Semakun.

23. Samya lega tyase kang miyarsi  
lingira sang katong:  
Sampun dadi puniku rembuge  
pan nganti ing kawandasa ri  
bojana sawengi  
bubarira bangun.
24. Kawuwusa Pangran Kaelani  
nuwuki dennyong mong  
ing garwane warata karsane  
tuwin maring garwa kang paminggir  
prajurite estri  
ingkang wolulukur.
25. Pakuwone ngungkuraken kali  
kalingan kakayon  
linebokken ing jro pakuwone  
pinageran sutra warni-warni  
tinarub linungsir  
ing sutra bang-biru.
26. Pindha-pindha wrekseng taman sari  
kuning myang sutra jo  
bot rawine balabag ing wunglen  
pan ing ngriku Pangran Kaelani  
lan Ni Kadarwati  
mamangun kung lulut.
27. Raja Akbar kawuwusa malih  
rembuge wus dados  
badhe miyosi ing payudane  
ngantep kaprawiraning ajurit  
sagung pra dipati  
bala Ngambarkustup

28. Pra santana tuwin kang para ji  
ingundhangan miyos  
wus salawe dina antarane  
enjing tengara gagaman mijil  
sumreg gumregeting  
wadya Ngambarkustup.
29. Raja Semakun sira nimbangi  
tengara kendhang gong  
gurnang beri gumuruh swarane  
animbangi sagung kang para ji  
gumuruh thong-thong grit  
pusur teteg barung
30. Baris jro puri daledeg mijil  
ing papan mirantos  
bala Arab gumuruh wedale  
prapteng papan sadaya miranti  
baris anjajari  
kalangan atepung.
31. Raja Akbar lan nateng Medayin  
ing ngampanan lunggoh  
pra satria pra ratu andher  
putrinira Ni Ngumyunadikin  
mesat ing wiyati  
lan sawadyanipun.
32. Prabu Semakun sampun alinggi  
ing dhampar mas kaot  
aglar sagung kang para putrane  
miwah sagung kang para narpati  
Pangran Kaelani  
lan para rinipun.
33. Sampun mesat Retna Kadarwati  
saprajurit wadon  
ingkang rayi winangsit waune

Hasim Katamsi metua jurit  
mengko sun adhepi  
poma ariningsun.

34. Raja Salsumemban rajeng Simik  
aja sira adoh  
adhepana riningsun yudane  
parentahe Retna Kadarwati  
wusnya marentahi  
lajeng mundur mabur

## 10. DEWI KADARWATI TANDHING LAN DEWI NGUM-YUNADIKIN

### DURMA

1. Amit miyos rekyana Patih Brikahar  
sampun wahana hesthi  
kapraboing aprang  
kawot luhur turangga  
prapteng papan nguwuh tandhing  
payo wong Arab  
sapa arsa angemasi.
2. Papagena iki si Patih Brikahar  
arine sri bupati  
Ngambarkustup ingwang  
prawira mandraguna  
Rahaden Hasimkatamsi  
njawil kang raka  
Pangeran Kaelani.
3. Kangmas ambok kula kinen mijil ing prang  
Pangran ing Kaelani  
matur ingkang paman:  
Putra Paduka kedah  
pun Hasim Katamsi  
mijila ing prang,  
Prabu Semakun angling:
4. Yen kenoa kulup mbok mbesuk kewala.  
Umatu awot sari:  
Pukulun njeng Paman  
nuwun mangke kewala.  
Matur Prabu Parangakik:  
Kajenge Paman  
inggihi tuwan lilani.
5. Pan wong anom sampelah yen dipun ampah.

Prabu Semakun angling:  
Iya sutaningwang  
sun srahaken Hyang Suksma  
sigra dennya nitih hesthi  
kapraboning prang  
kawot dipangga neki.

6. Prapteng rana pan sampun ayun-ayunan  
Raden Hasim Katamsi  
Surake gumerah  
wadya bala Kupauman  
wong Ngambarkustup nimbangi  
surak gumerah  
yayah nengkir wiyati.
7. Sigra Prabu Semakun saking dhamdhampar  
ngadeg ngungak-ungaki  
yudane kang putra  
tuwin kang para nata  
pan samya angadeg sami  
linggihanira  
mulat ing senapati.
8. Sanget marma ing yudanira kang prabu  
Yusupadi bibisik  
mring Kandhabuwana  
Prabu Semakun bisa  
Putra Medayin siji ki  
bisa ngawula  
bisa met ulat liring.
9. Siji iki pasthi yen dadi dandanan.  
Wau ingkang ngajurit  
Bri Kahar tatanya  
sapa ranmu satriya  
maksih jedheng metu jurit  
Ya ingsun aran  
Raden Hasim Katamsi.

10. Putra ing Kuparman ingkang ibu ingwang  
putri ing Burudangin  
Iya sira sapa  
Ingsun Patih Brikahar  
osiking tyas sun temeni  
dudu patutan  
saking ing Parangakik.
11. Dudu patut trah Gusti Sultan Iskandar  
bocah den ngati-ati  
sun tibani gada  
kudhunga bandabaya  
ginada rahaden mantri  
tangkis legawa  
parise mubal api.
12. Surak umung rewang mungsuh mawurahan  
Raden Hasim Katamsi  
alon wuwusira  
heh mungsuh den prayitna  
sun wales aja gumingsir  
ngikal rante mas  
Raden Hasim Katamsi.
13. Gebyar-gebyar kilate palu rante mas  
mrepeki ponang hesthi  
sinabetken sigra  
kapulet kiya patya  
Brikahar tiba gumuling  
palana lawak  
palu rante tinarik.
14. Katut kadya mina pinupus kang jala  
kinontal tibeng siti  
Brikahar kantaka  
Patih Bunandir prapta  
Ki Patih wus den taleni  
sampun tinawan



binakta mundur aglis.

15. Ingkang aneng ngawiyat niyup saksana  
lan prajuritireki  
sigra ingadhangan  
Kadarwati ngatingal  
sarya sru denira angling  
Sun wehi murah  
angaton ingsun iki.
16. Aprang papak jamak wataking prawira  
teka kudu anilib  
jer si brekasakan.  
Ngumyunadikin mulat:  
Sapa ta aranireki  
heh putri Arab  
sun aran Kadarwati.
17. Kang kagarwa Pangeran Jaswadi putra  
putri saking Kubarsi  
sumbageng bawana  
moncol ing parmudita  
heh payo Ngumyunadikin  
padha prawira  
ing prang aja anilib.
18. Mung sawidak pipitu prajuritira  
Dewi Ngumyunadikin  
Kadarwati mapan  
wolulikur tan owah  
Kadarwati ngatag maring  
prajuritira  
nengah Dewi Rubangsit.
19. Dewi Ngumyunadikin prajuritira  
Rubangsit andhingini  
Dewi Mintariyah  
lan Dewi Maemunah

prajurite Kadarwati  
Dewi Mamunah  
tandhing lawan Rubangsit.

20. Alancaran panah tan ana kasoran  
sami awase kalih  
sami rikatira  
rame pedhang-pinedhang  
dangu datan migunani  
jambak jinambak  
dangu jenggit-jinenggit.
21. Maemunah jinambak akalorogan  
age Dewi Rubangsit  
narik lestringira  
Ni Dewi Maemunah  
sinumdep kang kalamengjing  
den asab-asab  
nggronjal dadi raseksi.
22. Lajeng ngerik nubruk Dewi Maemunah  
kebat Ni Kadarwati  
dennya menthang langkap  
ing kang sanjata cawang  
lumepas jajane keni  
ponang raseksa  
niba tanpa ngunthili.
23. Kadarwati krodha ngatag wadyanira  
andhinginana aglis  
mungsuw aprang kemat  
sigra sabalanira  
sami ngudani jemparing  
akeh kang kena  
wonge Nyumyunadikin
24. ting jalemprak sami awarna raseksa  
gya Dewi Kadarwati

amatak santika  
sakala tan katingal  
anyipta jemparing geni  
sagunung anak  
nibani mungsuh sami.

25. Pan tinundha jemparing gora-godha  
gumludhug ing wiyati  
popok mawalikan  
lesus sengara byaha  
thok-thok prakempa ing jurit  
mesu panyipta  
Ni Dewi Kadarwati.
26. Kaprawasa kang mungsuh awarni ditya  
kathah kang tibeng siti  
kang aprang ing ngandhap  
eram denny tumingal  
kathah kang bangke raseksi  
lawan swaranya  
gumuruh ing wiyati.
27. Tuwu putri prawireng jagad wiryawan  
Ni Dewi Kadarwati  
sumbageng bawana  
moncol ing pramudita  
kaonang-onang ing bumi  
widigdayeng prang  
mandraguna ing jurit.
28. Nulak sektining mungsuh palakulpana  
mijil kang liris agni  
lir wedhi sinebar  
kumepyur wedalira  
saking ing cucupumanik  
adres wedalnya  
udan wedhi rupagni.
29. Menganing kang cupu marang nggoning mengsah

Dewi Ngumyunadikin  
lan sabalanira  
mreketek busananya  
adrese kang udan wedhi  
arupa wongwa  
pan ora amateni.

30. Nanging langkung saking anyedhihi manah  
panas pating calekit  
lumbet busana  
bingung sami kerogan  
gya Dewi Ngumyunadikin  
amenthang langkap  
limut sengara prapti.
31. Medat tedhuh dhedhet sarwi wor maruta  
nanging nora mateni  
ing wedhi sektinya  
kang panas rupa wongwa  
nalesep pating calekit  
tengah payudan  
sumawut kadi riris.
32. Taksih sami kumetos kumepyur abang  
panase saya mandi  
dennya mor lan toya  
Kadarwati tan obah  
mati sajroning ngaurip  
mangunahira  
tan kasor lawan sikir.
33. Karepotan kang mengsah sami karuna  
dhuh wedhi apa iki  
panase kaliwat  
rupane rupa wongwa  
nalesep nora ngoberi  
jroning busana  
liwat kaku kang ati.

34. Sambat-sambat ing gusti tuwan tulaka  
inggi kang udan wedhi  
wedhi-wedhi wangwa  
bingung sami karogan  
sigra Dewi Kadarwati  
kang astagina  
pinijet kang sasisih
35. Mempeng metu angine angin balaka  
mungsuhi sami ningali  
ana ingkang prapta  
lempeng ana rong asta  
sumisih kang udan wedhi  
lan sami mulat  
yen ana lawang kori
36. Dadya mengsah sami ngungsi luputira  
ngudani wedhi geni  
tumarubyuk samya  
atilar gustinira  
wus telas kang manjing kori  
Kang astagina  
sigra denny ngingkemi.
37. Sami lega wong pitung puluh punika  
anemu taman sari  
kathah kang wowohan  
ngundhuh pating kurangsang  
tan etung pinangan sami  
kena ing gelar  
sinome Kadarwati.

## 11. SENAPATI NGAMBARKUSTUP KAPIKUT

### SINOM

1. Telas koyup ngasta gina  
balane Ngumyunadikin  
tan ana kari satunggal  
Parentah Ni Kadarwati  
marang papatih kalih:  
heh Minsariyah den gupuh  
lawan si Maemunah  
cekelen Ngumyunadikin  
mingak-minguk pan iku wus tanpa manah.
2. Maemunah saking ngarsa  
Minsariyah saking wuri  
ingagag-agak ing pedhang.  
Kendel mirenggeng sang putri  
datan kemutan siji  
sedaya kasektenipun.  
Pinuju pitenggengan  
gunane Ni Kadarwati  
takdir lamun akarya cubluk teng mengsah
3. Degleng bingleng sanalika  
yen sampun nungkul ngabekti  
cubluk nulya den rucat  
mantuk waras kadi nguni.  
Mila arang nandhingi  
para putri para ratu  
denira sugih gelar  
prawirane Kadarwati  
moncol ing rat bergjane kang duwe krama.
4. Cinandhak kendel kewala  
astane Ngumyunadikin  
anjethung tan bisa obah  
kena pangaribaweki.

Telas nala sirnanting  
putrine wong Ngambarkustup.  
Sigra nggenira tedhak  
kusuma yu Kadarwati  
marang nggene kang rayi nggenira yuda.

5. Putri bandan winadhahan  
sajroning cucupu manik  
nanging tan winor kalawan  
enggene wadyanireki.  
Pinernah nggen salempit  
kunjarane para ratu.  
Yen antuk boboyongan  
ing kono nggone ngrawati.  
Prapteng dharat Hasim Katamsi tumedhak,
6. ndheku ngarsane kang raka  
putri Parenggiduk prapti  
kang anjangkung yudanira.  
Kang rayi Hasim Katamsi  
mbok prang ing dharat sami  
mijilaken kematipun.  
Ni Joharin Insiyah  
ingkang basah anadhahi.  
Ing prang dharat kenane Patih Brikahar
7. Tan ana kang metonana.  
Mangkana Ni Kadarwati  
sinapa marang kang raka  
Joharin Insiyah angling:  
Heh sira Nini prapti  
kayangapa prangira ngluhur.  
Kadarwati atur sembah:  
Kangmbok mengsah wus kalindhih  
sampun apes wong Ngambarkustup putrinya.
8. Mengko paran karsanira  
ariningsun Kadarwati.

Patih Brikahar wus kena  
lawan arimu ing jurit.  
Umatur Kadarwati:  
Kangmbok inggih penedipun  
suwawi ingendhanan  
mengsah sampun sanget ajrih  
dimen tutug angupaya budidaya.

9. Atelad ibu paduka  
kangjeng ibu Parangakik  
tangebe remen utama  
iya silih wong alaki  
sawateke ngeblegi  
tan gothang lan kakungipun  
amung kacek kewala  
kang raka jatmikeng budi  
ingkang rayi ladake nora na racak.
10. Dewi Joharin Insiyah  
ngendika marang kang rayi:  
Yen mengkono karsanira  
arimu Hasim Katamsi  
ngur mundura tumuli  
matura ing Paman Prabu.  
Kulup sira mundura  
matura ing paman aji  
yen karsane Kadarwati kang mbok kira.
11. Mungsuh iki ingandhegan.  
Tur sembah Hasim Katamsi  
mring kang raka kalih pisan.  
Mundur praptane wotsari  
matur pitungkasneki  
mring Paman Prabu Semakun.  
Nulya teteg saksana  
angunduraken kang baris  
mungsuh rewang barise samya bubaran.



12. Amung sang Prabu Karnisah  
lan Pangeran Kaelani  
kang sami ngentosi warta  
anggeger barise maksih  
telas sagung baris.  
Mungsuh manjing kithanipun  
surup tanggal ping rolas  
padhanging wulan gumanti.  
Angandika Dewi Joharin Insiyah:
13. Sapa duwe baris ika  
anggabag maksih ngenteni.  
Kadarwati lakinira  
tresna ing sira kapatih  
tan bisa pisah kedhik  
begja sinihan ing kakung.  
Kadarwati tumingal  
kilene baris Kelani  
maksih gabag kang tunggul kulurbet abyal.
14. Tegese Kulutbetabyal  
mbul-umbul gadhung malathi  
tunggule nateng Karsinah.  
Mesem matur Kadarwati:  
Kangmbok nggih den anteni  
punika njeng Kakang Prabu.  
Ngling Joharin Insiyah:  
Dudu yayi baris iki  
ika amung kari wadyanira Kelan.
15. Baris Karsinah wus bubar.  
Matur Dewi Kadarwati:  
Suwawi Kangmbok gethokan  
sinten kang purun nyanyami  
tunggul Karsinah nenggih  
Kulurbetabyal puniku.  
Sagung mbul-umbul Kelan

samya Kulurbetasparin  
mangsa inggih Kangmbok datan kalintua.

16. Kang marwasitatiabyal  
sagung tunggul Parangakik  
Aswatwasitatikamar  
tunggule sang Rustamaji  
sinten purun nyanyami  
putra sakawan puniku.  
Mangkana kang anurat  
anegesi basa Jawi.  
Kang Kulurbetasparin pan pari mudha.
17. Sagung mbul-umbul ing Kelan  
kawan atus sami warni.  
Kajawi mbul-umbulira  
balane para narpati  
tunggul gadhung malathi.  
Kulurbetabyal puniku  
kawan atus Karsinah.  
Kajawi bala para ji  
Parangakik kang marwasitatiabyal,
18. tegese gula kalapa  
Pitung atus Parangakik  
tunggule njero kewala.  
Aswatwasitati kamrin  
tunggule Rustamaji  
geni roga tegesipun.  
Tigang atus kang samya  
mung puniku kapat sami  
kang amet nggon tengran busananing bala.
19. Dewi Joharin Insiyah  
gumujeng denny kacelek.  
Nadyan silih ngantenana  
Kakangamu Sri Bupati  
kanthi ninitih hesthi.

Mangkono wae pan iku  
dene ta lakunira  
mulane ika nganteni  
pan garwane eman ginawa ing gajah.

20. Yekti aneng sutra cina  
rangkep telu kang prayogi  
sumampir ana ing pundhak  
eman pantese respati.  
Kadarwati mleroki.  
Pawongan sami gumuyu  
Yatalah lakinira  
delenge arengkik-rengkik  
kelar ngemban ing sira meh saonjotan.
21. Pan patute yayi sira  
nggendhonga lakinireki  
pantes kelar rong onjotan.  
Anyablek Ni Kadarwati  
nDaweg Kangmbok den aglis  
bubaran kaselak dalu.  
Remen temen poyokan  
ngong titeni Kangmbok iki.  
Angandika Dewi Joharin Insiyah:
22. Yayi, pan dudu poyokan  
inggang uwis den lakoni  
ngestreni ngidini iya  
inggang durung den lakoni  
poyokan rane yayi.  
Yen kang uwis iku dudu.  
Sangsaya suka-suka  
gujenge parekan cethi  
dene kongsi miyarsa kang raka-raka.
23. Wauta inggang lumampah  
ingiring cethi prajurit  
prapteng enggene kang raka

pra sami nungsun ngurmati  
marang garwanireki.  
Joharin Insiyah wau  
binakta nitih gajah  
munggeng ing palana rukmi.  
Sigra bubar barise Prabu Karsinah.

24. Ingkang rayi ingandikan  
sarenga bubaring baris  
ature inggih sandika.  
Kamas paduka kriyin.  
Kusuma Kadarwati  
mring raka binekta sampun  
minggah nginggil dipangga.  
Palana rinenggeng rukmi  
apan gajah titihan dudu paperang.
25. Lajeng barise kang kathah  
samyā saupacareki  
lajeng sowan mring kang paman.  
Wong agung kalih sarimbit  
sang Prabu Parangakik  
lan Rustamaji sang prabu  
kang pakuwone paman.  
Raden Hasim Katamsi  
Raden Kasim Kuwari lan para nata,
26. kagyat praptane kang putra  
Karsinah lan Kaelani.  
Garwane kinen panggiha  
lan kang bibi Dyah Rukanti.  
Bandan Rekyana Patih  
sinaosaken ing ngayun  
lan ature kang putra  
pangeran ing Kaelani  
lamun putri Ngambarkustup wus katawan.
27. Lajeng prasamya bojana

sagung kang para narpati.  
 Prabu Semakun ngandika:  
 Heh Kakang Rekyana Patih  
 paran karsanireki  
 ingsun karo gothak-gathuk  
 mati punapi gesang  
 antepira kang sayekti.  
 Lamun nedya mati nulya kalampahan.

28. Sawengi ki kalampahan  
 nora nganggo rina malih  
 Yen ki raka nedya gesang  
 milu ing agama mami  
 sarak Nabi Ibrahim.  
 Buwang tekat Ngambarkustup  
 sayektine Ki Raka  
 anuli ingsun luwari.  
 Sun temokken sira lan atmajanira.
29. Putrinira wus katawan  
 Ni Dewi Ngumyunadikin  
 aprang lawan sutaningwang  
 Nini Putri Kadarwati  
 sapawongane keni  
 Patih Brikahar wotsantun:  
 Amba anuwun gesang  
 tumut sapati saurip  
 ing Paduka lan angger-angger sadaya.
30. Tuwan aben lan pun kakang  
 sandika ing siang latri  
 pejaha ing ngarsa tuwan  
 tan kumedhep talang pati.  
 Duk miarsa tur neki,  
 ngandika Prabu Semakun:  
 Andika wuruk sadat  
 Kakang Prabu Yusupadi.  
 Gya winulang sang prabu ing Kebar.

31. Wus bisa Patih Brikahar  
Raja Semakun nedhaki  
angluwari talinira.  
Pan sampun kinen alinggih  
lawan Prabu Pirngadi.  
Ardabil tunggile lungguh  
Kang putra tinimbal  
Kadarwati prapteng ngarsi.  
Putri Ngambarkustup pinanggihken bapa.
32. Sinrahken pakuwonira  
ing Raden Hasim Katamsi  
lajeng denira bojana.  
Sira Dewi Kadarwati  
dhahar kalawan bibi  
tuwin putri Ngambarkustup  
lan Joharin Insiyah.  
Denira bojana sami  
pukul katri bubaran kang para raja.
33. Enjing anglampahken duta  
amawi serat tur paksi  
marang nagari Kupauman  
tur pratingkahing prajurit  
Sang Prabu Yusupadi  
sundepan carakanipun  
lamun rajeng Gumiwang  
wus keni den pitayani  
barang karya mupugi ing reh reh wiweka.
34. Polatan amawi marma  
ngemper-emper paduka mir  
sapratingkahe santosa  
nyandipayeng mungsuh bangkit  
gagah boten awigih  
katur kautamanipun.  
Kuneng duta kalihnya  
ing pabarisan kawarni

jadhel bala ing Ngambarkustup keh prapta.

35. Maring Ki Patih Brikahar  
akathah kang pra dipati  
raja Mintaha Bayidan  
punika kang sampun balik  
marang Rekyana Patih  
Brikahar sampun akumpul  
wong pitung kethi ana  
apacak ing saben ari  
Kyana Patih wus kinanthi barang karya.

## 12. PATIH BESTAK ANGGEASAH MANAHIPUN RAJA AKBAR

### KINANTHI

1. Pra dipati Ngambarkustup  
kalih atus kang wus balik  
para mantri tigang nambang  
dene kang para narpati  
Bayidan Raja Mintaha  
Raja Kiswanan ing Krestin
2. kalawan Raja Kurwahum  
nagarinipun Burgani  
sinaosaken punika  
pamuruke ing agami.  
Samya kinen amuruka  
marang Prabu Yusupadi.
3. Denira Prabu Semakun  
kang para ratu ambalik  
tan owah karatonira  
maksih karerehan sami  
maring Kyana Patih Brikahar  
sagunge para dipati
4. pinarnah bubuhan ngepung  
sawadyanira kang prapti.  
Wuwusen malih caraka  
ing marga datan kawarni  
prapta nagari Kupauman  
katur surat ingkang prapti,
5. saking sang Prabu Semakun  
kang serat awarni kalih  
wonten serat susundepan  
saking Prabu Yusupadi  
panggunngung prayoganira



pratikeling senapati.

6. Datan wonten cacadipun  
Prabu Semakun prayogi  
sarerehe wus santosa.  
Mangkana sang Jayengmurti  
nimbali Retna Sudara  
prapta nulya den uncali:
7. Yayi, turena ing bumu  
layang iki wingi prapti  
Retna Sudara ngandika:  
Payo Yayi Isnaningsih  
mBokayumu aturana  
Yayi Sirtupelaeli.
8. Yayi Kisbandi ywa kanton  
marek ing ibu Medayin  
Mengko padha den rungokna  
sun wacane layang iki  
alahsi tatakon warta  
kang aneng barisan sami.
9. Samya miring ngilenipun  
prapta nggene prameswari  
sinapa lajeng tur sembah  
Prameswari ngandika ris:  
Ing kene padha linggiha  
Marpin sigra manggihi.
10. Retna Sudara umatur:  
Ibu wonten surat prapti  
inggi saking yayi nata  
Gumiwang atur udani  
yen sampun tempuh ayuda  
wayahta pun Kadarwati,
11. lawan putri Ngambarkustup  
kang nama Ngumyunadikin

prajurite pitung dasa  
tur sami putrining peri  
mung wolulikur wanodya  
prajurite Kadarwati.

12. Kaping kalih yudanipun  
kalangkung rame kang jurit  
malah mbokayune ika  
Karsinah kongsi nulungi  
Dewi Joharin Insiyah  
duk aprang sapisan neki.
13. Prange ping kalih kacakup  
kacekel Ngumyunadikin  
prajurite pitung dasa  
kang bisa prang ing wiyati  
siji tan ana kang gagal  
kabeh kabanda ing jurit.
14. Kang duwe putri kapikut  
dene si Hasim Katamsi  
kaliwat rame kang yuda  
ing dharat miwah wiyati  
tuhu pinunjul ing jagad  
anakingsun Kadarwati.
15. Jurujinem arawat luh  
pangandikanira aris:  
Liwat saking nora nyana  
putuningsun Kadarwati  
prajurit sumbageng jagad  
kaonang-onang ing jurit.
16. Jurujinem malih muwus:  
Heh Nini, wacanen malih  
iku prange anakira  
putuningsun Kadarwati  
Sudarawreti amaca

ing prange Ni Kadarwati.

17. Sirtupilaeli matur:  
Ceples temen Kadarwati  
lawan gurune meh padha  
Prameswari ngandika ris:  
Lah Nini, gurune sapa.  
Matur Sirtupilaeli:
18. Kang maca serat puniku  
kang amuruk Kadarwati  
kaprawiraning ayuda  
Gumuyu sagung miarsi  
Lan putuku wus prapti  
hiya si Hasim Katamsi.
19. Sudarawreti amuwus:  
Yayi Dewi Burudangin  
sedheng sira kalumpuka  
iki ature si adhi  
Semakun, putri kang kena  
kang nama Ngumyunadikin.
20. Putrine wong Ngambarkustup  
ayu prawira ngajurit  
Yayi Semakun karsanya  
dhinaupaken tumuli  
lan kaponakane iya  
si kulup Hasim Katamsi.
21. Isnaningsih nembah matur:  
Kakang mbok kawula dremi  
sampyen ingkang puputra  
pan lurahing para rabi.  
Jurujinem angandika:  
Putungong Hasim Katamsi,
22. Sarupane putuningsun  
ingkang padha durung krami

beyane katemu ring wang  
aja na sira kuwatir  
sedaya pan ingsun sedya  
uwis padha sun saosi.

23. Si Hasim Katamsi iku  
dinar tigang atus nenggih  
tri atus onta wowotan  
dinar beyane akrami  
buyutku Arismunandar  
rong atus onta pan pasthi.
24. Pan wus padha begjanipun  
ing kang menangi ing mami  
si Jayusman lan si Ruslan  
Hasim lan si Rustamaji  
kang nora menangi ing wang  
mung pusaka sun paringi.
25. Tan adangu pungkaspun  
sakathahe kang pinikir  
bubaran kondur mangetan  
marak ing sang Jayengmurti  
Praptena katur sadaya.  
Sawuwuse prameswari
26. langkung tyas marwata sunu  
Wong Agung Surayeng bumi  
myarsakken ing pangandika  
ing kang ibu prameswari  
kang raka wong Menak Abas  
sampun kinen anunulis.
27. Sagung pitungkas wus rampung  
mring kang rayi sri bupati  
Raja Semakun Gumiwang.  
Kang serat pan sampun dadi  
nulya sinungken utusan

carakanira kang rayi.

28. Mesat kang bekta wawangsul  
mring pabariansireki  
Raja Semakun Gumiwang  
tan kocap lamining margi  
ing Ngambarkustup wus prapta  
dhawuhing seratira mir.
29. Pinanggil kang para ratu  
prapta ing ngarsanireki  
tuwin para raja putra  
kang serat pinaring aglis  
marang wau ingkang putra  
sri bupati Parangakik.
30. Kadriya ing prentahipun  
lajeng bojana pra sami  
ngarang ing kang kalasangka  
senggaknya munya ngadhasih  
larih mider api adas  
janewer api branduwin.
31. Asri senganining wuwus  
anutug bojana sami  
wit enjang sadalu samya  
bubaran ing pendhak enjing.  
Kuneng malih winursita  
Raja Akbar kang prihatin.
32. Sang Prabu ing Ngambarkustup  
lir wreks gora pinipil  
pang papal putri picondhang  
kusuma Ngunyunadikin  
katelan madyaning aprang  
mungsuhi Dewi Kadarwati.
33. Lawan kang rayi kapikut  
prang lawan Hasim Katamsi

Patih Brikahar katawan  
ingalaga lan putra mir  
Anengguh ingkang patutan  
putri adi Burudangin.

34. Sri bupati Ngambarkustup  
ngaturi Prabu Medayin  
agunem sajroning pura  
Patih Bestak datan kari  
lawan ki Dhatuk Kumbara  
Berdanis wus aneng wuri.
35. Ngling prabu ing Ngambarkustup:  
kayapa iki Berdanis  
entekena budinira  
mamales asoring jurit  
apa na ing pangupaya  
budi kang mbandakalani.
36. Iki ta ing warta uwus  
Tayimas rekyana patih  
pan wus den lolohi sadat  
nyamuk-nyamuk den ingkemi  
pineksa wus padha Islam  
lawan si Ngumyunadikin.
37. Yen kaduga sira uwus  
apa nungkul awak mami  
ngaturaken sri narendra  
rama prabu ing Medayin  
mangsa ta pinatenana  
dene ta putrane pribadi.
38. Ya Sri Buptai Semakun  
Patih Bestak anauri:  
Apan njengrama Paduka  
taa yen ajrih apati  
ajrih angalih agama

tekad kinen monyar manyir.

39. Wong genjah agaminipun  
apened nyawaning kucing  
lamun ta ratu kang kaprah  
kober kauban ing langit  
lan purun salin agama  
tan palaur angemasi.
40. Mila rama sanga prabu  
lamine ngupaya kanthi  
ratu kang tegen punika  
tan purun salin agami  
kang antuk namaning raja  
ngukuhi agama lami.
41. mBoten amanggih dosa gung  
inggi yèn sajroning pati  
wong purun salin agama  
gedegheg sor-soring jinis  
mboten umur sewu warsa  
pijer cinacag ing bumi.
42. Raja Akbar Ngambarkustup  
tyase kadi den kileni  
miarsa wuwuse Bestak  
pinikir benere thithik  
wong binalilu ingajak  
salin tekad ingkang uwis.
43. Agama tinggaling buyut  
teka aweh den salini  
tuduh temen yèn urakan  
nemu sasar yèn ing pati.  
Manteb tyase Raja Akbar  
anglabuhi tekad lami.
44. Dhatuk Berdanis pinundhut  
budinira ingkang pasthi

sang nata lingsem ing driya  
yen ngucapa kadi nguni  
mungsu trah Sultan Iskandar  
punika turuning gusti.

45. Gustine wong Ngambarkustup  
batine sri narapati  
jer amung siji kewala  
ingkang turun Parangakik  
kang akeh-akeh wong Arab  
dudu trahe gusti mami.
46. Dhatuk Berdanis pinikut  
pan sakala den aweri  
dene wuwulange nungsang  
angajak mengo tumolih  
saking wagede Ki Bestak  
cininthung amangun dhesthi
47. Inggang wangi dadi arus  
ingkang arus dadi wangi  
Raja Akbar ngundha gada  
gigila Dhatuk Berdanis  
yen tan ana budinira  
mati sun antebi bindi.
48. Dadi wong banget alamu  
canggih buyut bapakaki  
kabeh padha binecikan  
marang buyut kaki mami  
dene meh angajak sasar  
nggalebagken tekad mami.
49. Iya apa kang tinemu  
wong tekad mangkene iki  
Patih Bestak matur nembah  
den lereh sri narapati  
punika dereng pratela



tumpang suh pamiarsa ji.

50. Amba jinawil karuhun  
dhateng pun kakang Berdanis  
Adhi Bestak mungsuh awrat  
tan wurung kasor ing ngriki.  
Lamun Gusti Raja Akbar  
nora enggal nyunyuruhi.
51. Ratu kang prakosa luhung  
sinambata tulung jurit  
pasthi akathah kang dhangan  
kang ngrungu para narpati  
den jak ngukuhi agama  
yekti lila ambeg pati.
52. Jer si Arab sedyanipun  
ngajak sasar ing agami  
tekade kang wis bituwah  
teka kudu den salini  
Kakang Berdanis punapa  
nyata maketan sireki.
53. Dhatuk Berdanis amanthuk  
den ajak goroh tan angling  
marmane manthuk kewala  
dinadak pawadan yukti.  
Julige Ki Patih Bestak  
pacicile tan anolih.

### 13. PRABU BARI AKBAR MINTASRAYA DHATENG PRABU JOHAN FIRMAN ING NAGARI TASMITEN

#### PANGKUR

1. Suka tyase Raja Akbar  
linuwaran ginanjar Ki Berdanis  
kena sosopakanipun  
Ujare Patih Bestak:  
Goroh ndadak nora temen samarutu  
polahe sang Raja Akbar  
nora nglikir ulat liring.
2. Ngandika Sang Raja Akbar  
ngendi Bapa kang patut den suruhi  
ratu santosa dibyanung  
Dhatuk Berdanis mojar;  
maring Bestak ing pundi partoganipun  
Nauri Ki Patih Bestak:  
Kakang ngandika ing wingi.
3. Adhi Bestak kang prayoga  
pinet sraya ngriki wonten narpati  
ing Tasmiten prajanipun  
sang Prabu Johan Firman  
Punapa nggih makaten tuwan puniku  
anak kulapun Bahtiar  
lan Raja Bukmun ing Mretis.
4. Punika kang den utusa  
kula inggih sumangga ing narpati  
Ki Dhatuk Berdanis manthuk  
sarwi goyang kapala  
Bisa temen Bestak iku gawe laku  
dhek apa ta ingsun ngucap  
ala yen ta den lakoni.
5. Mangkana grahitanira

pan tumungkul sira Dhatuk Berdanis  
Angling Prabu Ngambarkustup:  
Baktiar caosena  
lan si Bukmun kanthinira ingsun utus  
marang Raja Johan Firman  
Tasmiten prajanireki.

6. Sadina mengko kewala  
lumakuwa Bestak kinen nunulis  
surat kalih tan dangu  
katur langkung prayoga  
pinaringken ing caraka kalihipun  
mesat saking ing ngajengan  
asigra lampahireki.
7. Kuneng duta minta sraya  
ingkang lajeng mring Tasmiten nagari  
angaturi sedyanipun  
mring Raja Johan Firman  
ratu abot sasanggane ratu wudhu  
Maha Prabu Johar Firman  
kasib prawira ing jurit.
8. Yata malih kang winarna  
kang anelik patihe Kadarwati  
Retna Mintariyah iku  
lan Dewi Maemunah  
analika ing rembug guneme mungsuh  
wus pratela antuk warta  
wangsul umatur ing gusti.
9. Wusnya katur ing gustinya  
Kadarwati lan kang raka lumaris  
mring Paman Prabu Semakun  
prapta wus ingacaran  
pan sarimbit ingkang putra praptanipun  
dennya manggihi kang paman  
Prabu Semakun sarimbit.

10. Matur kaletheking mengsah  
anyuruhi ratu prakoseng jurit  
ing Tasmiten prajanipun  
Narpati Johan Firman  
duk miarsa sira sang Prabu Semakun  
Heh punika anak emas  
becik ginecak tumuli.
11. Lah punika eyang ndika  
mboten nganggo eling maring Hyang Widhi  
angur cinupeta gupuh  
dening Kang Maha Mulya  
mboten wurung anggawa Kangieng Ibu  
eyang ndika sampun mulya  
neng Kuparman sampun sukci.
12. Punika benjing kumpula  
suker malih eyang ndika mlas asih  
benjing anakmas rinebut  
-lan raka-raka para  
tuwin kakang prabu ing Kebar puniku  
ing tatarub panangkilan  
miwah saguning para ji.
13. Sawusnya nutug dhadharan  
lan kang putra wong agung kalih srimbit  
bubaran makuwon sampun  
ing dalu tanwinarna.  
Enjingira nenggih sang Prabu Semakun  
tinangkil neng tarub rambat  
aglar kang para narpati,
14. tuwin para raja putra  
Angandika mring Raja Yusupadi:  
Kadi pundi Kakang Prabu  
mengsah kendel sawulan  
pened pundi kendela lawan ginepuk.  
Umatu sang nateng Kebar:

Sumangga ing paduka ji,

15. singa tuwan karsakena  
samidene gecak lawan ngendeli  
datan wonten nisthanipun  
Paduka sampun karya  
ing pangomber, ngandika Prabu Semakun:  
Heh, anak Prabu sadaya  
enjing saosa ngajurit.
16. Wau sang Raja Bugredas  
piningraken marang rekyana patih  
Brikahar tinampen sampun  
sinalinan agama.  
Angandika malih sang Prabu Semakun:  
Kabeh padha ngestokena  
ngestrenana kang para ji,
17. yen Kyana Patih Brikahar  
sun degaken iya sri narapati  
ngayomana Ngambarkustup  
manawa selak rusak  
ingsun darma sarta karsane Wong Agung  
sun pundhut atmajanira  
si Dewi Ngumyunadikin.
18. Ingsun temokken ing benjang  
lan si kulup iya Hasim Katamsi  
dene karatonnya iku  
ya si Prabu Brikahar  
yen kakange duwe eling tekadipun  
mangsuk agama kang mulya  
maksih adadi narpati,
19. ing njero dene ing njaba  
si Brikahar ngayomi bumi-bumi.  
Dene yen sida andarung  
tetepe si Brikahar

yen noraa sun pacak tumuli iku  
wong Ngambarkustup nagara  
keron weh rusaking cili.

20. Sagunging kang para nata  
den samakta ingsun wiwiti enjing  
angececek ing Ngambarkustup  
yen iku ingantia  
andadawa durjanane ratu iku.  
Samya umatur sandika  
sagung kang para narpati.
21. Kondur denny siniwaka  
samya bubar makuwon kang para-ji  
Datan kawarta ing dalu.  
Enjang kang para nata  
atengara gumuruh kang para ratu  
samakta baris kikirab  
sagunging para prajurit.
22. Sumreg sagunging gagaman  
pan mangetan bala Mutadarawi  
Bala Talsiyah angidul  
Prabu Arismunandar  
wus angilen bala ing Kaos mbabantu  
kadya kang giri dahana  
gumuruh ler senapati.
23. Lan para putra sadaya  
tuwin sagung para prajurit estri  
Wau sang Raja Semakun  
busana ning dipangga  
winawuru ing janewer bedhat mabuk  
sinung palana lalawak  
sinungsun sapta linungsir.
24. Tulalene kinathokan  
ing mas jingga gadhing wredi rinukmi

kabeh rinenggeng mas murub  
saranduning dipangga  
gebyar-gebyar dipangga kadi andaru  
apa ta pinaraban  
pun Imama punang hesthi.

25. Ngandika marang kang putra  
Parangakik Karsinah Kaelani  
Lingira Prabu Semakun:  
Sakehing ahli kemat  
den trapena ing jro kitha Ngambarkustup  
panggigila supayanya  
ing mungsuh supaya wingwrin.
26. Darapon padha nungkula  
Wus parentah lajeng mbedholken baris  
angrok gumulung kadya lun  
tengara asauran  
teteg ewon gurnang kendhange gumuruh  
thong-thong grit beri wurahan  
yayah manengker wiyati.
27. Prapta gebel bata kitha  
surak atri lor kidul wetan sami  
kang kilen atri gumuruh  
ing jro bala busekan  
bilulungan kubeng mubeng kang wadya gung  
tambuh-tambuh den ungsia  
keblat sakawan ngebeki.
28. Dadya wau Raja Akbar  
munggeng panangkilan suwadyaneki  
lan ingkang rama Medayun  
gumeter dharodhogan  
prapta nembah punggawa marang sang prabu,  
mengsah prapta nggepuk kitha  
para ratu angawaki.

29. Kang prapta mangka pangarsa  
rì paduka inggih madeg narpati  
Brikahar kang balik kumpul.  
Wau sang Raja Akbar  
animbali Dhatuk Berdanis wus suwung  
balik mring Raja Brikahar  
kesahipun wau latri.
30. Duk miarsa Raja Akbar  
langkung kekes wauta kang winarni  
sang Raja Drenis lan Kulub  
tuwin rajeng Suwangsa  
sira Prabu Jaswadi neng wuri njangkung  
Kalbujer Saptiyunasar  
ing kang sami den ajani.
31. Nganjingken sanjata toya  
gumaludhug prapta\*manjing kitha glis  
ngombak-ombak ngalun-alun  
geger uleng-ulengan  
Kadarwati lan prajurit wolulukur  
mijilaken pangabarn  
kumepyur nora ngunduri.



#### 14. PRABU SEMAKUN NGOBRAK-ABRIK PRAJURIT MEDAYIN

##### DURMA

1. Kadya wedhi kumeptur arupa wongwa  
umeb panas nibani  
sira nateng Kebar  
mulat marang sang nata  
Semakun arsa ngawaki.  
Kapraboning prang  
kawot saluhuring hesthi.
2. Lan gajahe winuru-wuru ing arak  
janewer lan barduwin  
ngempret pun Amama  
mobat-mabit mangulang  
pangayape piyak sami.  
Sang nateng Kebar  
mangsit Prabu Pirngadi,
3. kinen mengakaken suketheng kang wetan  
semune sri bupiti  
Semakun Gumiwang  
mungkasi ingkang rama  
miwah ingkang raka kalih  
katawis netya  
ngatirah semu runtik.
4. Ingaturan uninga saketheng wetan  
kori menga sasisih  
Budhal Raja Akbar  
lumayu saha bala  
miwah prabu ing Medayin  
Saketheng prapta  
jejel kang arsa mijil.
5. Gajah kuda amor, lan kang akeh tiba

tan bisa tangi malih  
wus dadi jarambah  
ajur balunge renyah  
Yen prapta ing jaba sami  
amer amencar  
ing kori maksih pipit.

6. Langkung saking kasusu toya kalawan  
geni pelak angungsi.  
Tuwin para raja  
bubuhan kilen samya  
bala Kaos lan Batarti  
anggada lawang  
sang Prabu Andanbilis,
7. Ganjanbilis Samigaji Mondalika  
lan Habganoilahabi  
kadang pitu samya  
gada, saketheng risak  
